KUPERERA

Ngatirambei takamira zvino patiri kukotamisa misoro yedu. Tenzi Jesu, tiri kungotenda chete. Makatiudza kuti tingotenda chete, tinotenda zvino. Uye tinoKupai kutenda nerumbidzo nekuda kwezvatakatonzwa nekuona, zvinosimbisa kutenda kwedu. TinoKutendai zvakadini nokuda kwemumwe mukana wekuuya kuzoshumira kune avo vanoda betsero. Zvino ndinonamata kwaMuri, Mwari, kuti mutipewo zvatinotsvaka usiku uno maererano nevimbiso yeNyu. Tinozvikumbira muZita raJesu. Ameni.

2 Tiri kufara zvikuru manheru ano nekuda kwemukana uyu wekudzoka kutabhenakeri zvakare, kuzo—kuzo . . . neEvhangeri raIshe Jesu akamuka. Zvino ndati nonokei. Ndanga ndiine anga achida betsero nekukurumbidza abva kuMichigan iye zvino. Uye Ishe vamuitira chinhu chinoshamisa pakarepo. Ini zvangu, Anoziva zvese ongozviunza . . . Haufanire kuMuudza; Anoziva, Anoziva kuti chii chaicho. Saka zvino tinotenda chaizvo. Vanhu vatyaira zuva rose kuuya kuno. Uye, zvino, tinotenda kwazvo nokuda kwaizvozvo. Zvino, musakanganwe . . .

Tepi ino yabatidzwa here? [Hama Neville vanoti, "Ndepekubatidzisa getsi ipapo."—Mupepeti.] Oh, panobatidzwa getsi. Ndaona.

Musakanganwe shu—shumiro vhiki inotevera, Chitatu manheru, neSvondo inotevera mangwanani, uye Svondo manheru. Kana urimo, munharaunda, ndinoziva kuti vangazofara chaizvo kuva newe pano.

Zvino, ndinamatirei, pandiri kuenda nenzira yangu kumwewo, ndinotarisira kudzoka nekukurumbidza.

3 Ndinoda kukutendai mose netsiye dzenyu nyoro nendangariro dzezvamakandiitira. Uye imwe hama ichangobva kunditumira sutu itsva yezvipfeko kubva zasi kuchechi diki yekuGeorgia. Zvino—zvino vanhu ivavo . . . Zvakangonakisa. Uye ndinoda kutenda vanhu avo vanobva zasi kuKentucky, vandaiva navo svondo rapfuura pazororo. Nezvose zvatakaitirwa naShe ikoko, ruoko rukuru, rwune simba rwatakaMuona, zvaAkaita.

4 Zvino tinotarisira kukuonai zvakare munguva pfupi, apo pandinongodzoka nekuno, ndichienda kuNew York kumusangano. Ndiko kuStone Church naHama Vick, kutanga, ndinotenda kuti twelve Mbudzi. Zvino tichange tiri pano, mazuva mashoma nguva yacho isati yasvika.

Zvino todzoka zvakare, tichienda zasi ku—kuShreveport, Louisiana, naHama Jack Moore. Ndipo paThanksgiving, vhiki

reThanksgiving, kuva ipapo paShreveport. Ndinofungidzira kuti, zviri pabhodhi rezviziviso, kumashure uko muzviziviso.

5 Zvadaro tinotarisira kuva nedzimwe shamwari dzedu dzekuChamhembe mushure meKisimusi. Zvino tichange tiri kuPhoenix munaNdira. Uye tozomirira kudanwa mhiri kwemakungwa, kuitira kuti tigone kugadzirira misangano yemhiri kwamakungwa. Vari kushanda paari zvino, mwedzi uno wapfuura, Hama Borders, vachinyorerana nokupindurana, kubva parwendo rwenyika yese rwuchatanga kana tichinge tangogadzirira, asi tinofanira kumirira mamiriro ezvinhu.

6 Vanhu vakawandisa ikoko, hatigone kuvaisa muzvivakwa; tinotongovaita kuti vagare kunze pasi. Zvino dzimwe nguva vanomhanya kuuya, zvinotopotsa watadza kutenda huwandu hwacho, dzimwe nguva huwandu hunosvika zviuru mazana mashanu. Chidimbu chepakati chemiriyoni chevanhu muungano imwe chete; kwete kuti vangani vanouya kumusangano kwemazuva akatevedzana, asi ungano imwe chete. Munoziva, kazhinji vavhangeri vanoverenga vanhu vakauya mumavhiki matanhatu. Maona? Asi isu ti—tinoverenga avo varipo pazuva rimwe chete, nguva imwe chete iyoyo. Zvino saka dzimwe nguva hapana nzvimbo yekuti vagare, munoziva, tinongovagarisa pasi munhandare.

Uye tinofanira kusarudza mwaka apo kunenge kusinganaye nemvura isiri kunaisa. Uye vanhu ivavo vanonzwisa urombo vanogara kunzeko . . . Ndakaona madzimai akagara kunzeko vhudzi ravo richingoerera zasi, vanhu vakapfeka zvakanaka, uye vakango—vakangogara mumvura iri kunaya zuva rese. Vanongogara ipapo, kuchinaya zvikuru, namabhanan'ana, nemheni, matutu achivhuvhuta, ivo vachingopfuudzana mberi neshure saizvozvo, vakagara ipapo, vomira kusvikira wauya kuzovanamatira. Maona? Zvino, munoziva kuti Mwari anoremekedza kutenda kwakadaro. Anodaro.

7 Unofanira kuita chimwe chinhu chekuti Mwari varemekedze. Munoona? UnoMuratidza. Vanhu vanopihwa zvinhu zvose nyore, kazhinji hava . . . Ha—hapana chavanoita nezvacho, maona. Unofanira ku . . . Chipo ndechepachena, ichokwadi, asi unofanira—unofanira ku . . .

8 Zvinoita saizvozvo, munoziva, sezvavanoti, "Kana wakabarwa uine chipunu chesirivheri," makambozvinzwa, "haukoshesi." Asi kana uchifanira kuchishandira, unokoshesa kukosha kwacho.

9 Zvino imi vanhu mumatepi umo, ndingada kuti—kuti . . . ndofunga zvino ini . . .

Mangwanani ano, mharidzo mangwanani ano, kwandiri, yanga iri Mharidzo yenhongonyn'a yeshumiro yangu yese; mangwanani ano, maona, Mharidzo yenhongonyn'a yeshumiro yangu yese. Rimwe zuva ndichakuudzai kuti yakauya sei. Uye

ndinoziva kuti zvinhu zvese zvakashanda kwemwedzi nemwedzi nemwedzi, kusvika kuMharidzo imwe chete iyoyo, zvichifamba kusvika panzvimbo iyoyo. Ndiyo yanga iri nguva yokutesvwa kwayo, maona. Zvino i . . .

10 Zvino ndine chokwadi, kana tarisiro, kuti mabata zvinoreva Chiratidzo. Maona? Chiratidzo mucherechedzo wekuti Ropa raiswa. Kuti, mutengo wakatarwa, unodiwa naMwari, Jesu akabhadhara mubhadharo iwoyo nekudeura Ropa raKe pachaKe. Akazviita. Zvadaro, kubva muhupenyu hwaKe makabuda Mweya Mutsvene. Zvino kana Ropa raiswa pauri, Mweya Mutsvene Chiratidzo chekuti mubhadharo wako wabhadharwa; Mwari vakugamuchira, uye ndicho Chiratidzo. Rangarirai, ndicho Chiratidzo. Zvino, pane vanhu vazhinji vasingadaro, hava—havazive kuti Chiratidzo chii, maona. Zvino unofanira kuita sekuti hapana anozviziva, maona, kuitira kuti vose vagozvibata.

11 Sekungoparidza ruponeso, tinofanira kuparidza ruponeso nenzira yekuti munhu wese, nderwemunhu wese, izvo, zvatinoziva kuti harwusi rwemunhu wese. Tinofanira kuparidza Kupodzwa naMwari kumunhu wese, asi tichiziva kuti hakusi kwemunhu wese. Maona? Jesu akauya kuzoponesa avo vaiva muBhuku reRudzikinuro nyika isati yavambwa. Akauya bedzi kuzoponesa ivavo. Kuti ndivanaani, handizive. Maona? Asi iwe. . .Hapana munhu anogona kuva nekutenda kunze kwekuti wati ndekwaani naani zvake; uye ndizvo, hapana anogona kuuya kunze kwekunge Mwari avadana. Ichokwadi. Saka pane vanhu vakawanda vasiri kuzoponeswa. Tinozviziva. Ivo, chaizvo, Mwari aizviziva nyika isati yavambwa, kuti havaizoponeswa.

12 Pane vakawanda vasiri kuzopodzwa, munoona, vazhinji vasiri kuzoporeswa. Ivo havangokwanise, havangogoni kuzvibata. Havazive kuti chii. Vakawanda vachadaro. Asi tinozviparidza kuti ndezvemunhu wese, nokuti hatizive kuti munhu wacho ndiani; hatitongozive. Asi ndiyani naani zvake, asi vamwe vanhu havangokwanise kuwana kutenda ikoko.

13 Zvino, zvimwe chetezvo neChiratidzo ichi. Chiratidzo, takataura kuChiratidzo nguva yese yatafamba, asi zvino kwave kuratidzwa kweChiratidzo. Maona?

14 Zvino, takazvitendera dzimwe nguva. VeLutheran vakazvitendera, “Kugamuchira Shoko; kugamuchira Kristu seMuponesi wako.” VeMethodisti vakati, “Kana wafara zvekuti unodanidzira, ndiCho.” VePentecosti vanoti, “Ukataura nendimi, zvino wava naCho.” Zvino tinoona kuti zvese izvozvo zvanga zvisizvo. Maona?

Chiratidzo Chiratidzo. Ndiwe naKristu sevanhu pamwe chete. Maona? Mweya Mutsvene, Hupenyu hwaKe mauri, achishandisa Hupenyu hwaKe—hwaKe pachaKe kubudikidza nemauri. Uye ndezve vapfumi, varombo, kana

ani achaHugamuchira. Zvino rangarirai, Chiratidzo ndeicho iwe . . .

15 Unoenda kukambani yezvitima wotenga tikiti rako. Pane mutengo, mubhadharo. Toti rinoda masenzi makumi mashanu kukwira bhazi iri—iri, kana chitima, kubva pano ku—kusvika kuCharlestown, Indiana, kunoda masenzi makumi mashanu. Zvakanaka, zvino, kambani inoisa zviratidzo kuitira kuti . . . Maona? Zvino, chinhu chaunoita, unoenda mumwe munhu okubhadharira mubhadharo, masenzi makumi mashanu. Okupa chiratidzo chinokupa mvumo pachitima ichocho kusvika kwachiri kuenda, chero kuri kuendwa nechitima. Maona? Chinokupa . . . Ndicho chiratidzo.

16 Zvino, muchinhano ichi, ropa ndiro raiva chiratidzo. Chaizvoizvo, raitofanirwa kuiswa, nokuti waingova muumbwa weropa sezvariri ravaiva naro, nekuti raingova ropa regwayana, mhuka, ropa regwayana. Saka hupenyu hwaiva muropa, hupenyu hwakabuda, nokudaro ropa rakadeurwa. Maona? Hupenyu hwakabuda, asi hawaikwanisa kudzoka pamutendi, nokuti yaiva mhuka. Asi raingotaura nezvehana yakanaka, kuti paiva neMumwe aizouya, Chipiriso chakakwana.

Zvino, kuti chive iCho chakakwana, Mutongi mukuru, Mwari weKudenga, akava Chipiriso; Mutongi, Dare, neMurevereri. Maona? Akava Chipiriso. Zvino Hupenyu Hwake pahwakabuda, hwaiva Mwari . . . Zvino shoko ipapo, parinoti, "Uye ndichavapa Hupenyu Husingaperi." Zvino, muChigiriki . . . Ndinoziva kuti ndiri kutaura kune vakafunda. Ndinoona vaviri kana vatatu. Maona? Uye ini . . . Zvino shoko racho muChigiriki ipapo, ndiZoe. Z-o-e, muChigiriki, zvinoreva, "Hupenyu hwaMwari pachaKe." "Zvino ndichapa kwaari *Zoe*, Hupenyu hwaNgu pachaNgu." Kristu naMwari vaiva Mumwe chete.

17 Zvadaro, Hupenyu hwaiva munaKristu Mweya Mutsvene, kwete Munhu wetatu; asi Munhu mumwe chete iyeye, muchimiro cheMweya Mutsvene, achiuya pauri, seChiratidzo chekuti hupenyu hwako nemubhadharo zvabhadharwa, wagamuchirwa. Kusvikira chiratidzo ichocho chauya, haubvumirwe mumugwagwa, haubvumirwe pa . . . mu—mubhazi; haubvumirwe kupinda kusvikira wabuditsa chiratidzo ichi, uye chiratidzo ichi ndiwo mubhadharo wako. Saka Chinoratidza kuti Ropa radeurwa uye raiswa pauri, mubhadharo waiswa pauri, uye une Chiratidzo chekuti Ropa raiswa pauri uye wagamuchirwa. Mazvibata zvino? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Oh, ini zvangu! Oh!

18 Zvino—zvino, kwete kungoti chero zvimwe zviratidzo. Maona? Unoti, "Hama Branham," Ndinozvinzwa mupfungwa dzenyu, munoona, "sei ndichiziva?"

Tarisa, chii chawaiva, uye chii chauri? Ndiko kuziva kwaunoita. Maona? Waiva chii Chiratidzo ichi chisati chaiswa? Uri chii shure kwekunge Chaiswa? Zvii zvawaishuvira chisati chavapo, zvino chii chaunoshuva mushure mekunge chavapo? Zvino uchaziva kuti Chiratidzo chaiswa here kana kuti hachina. Zvino zvimwe zvese izvi zvichangoenderana nacho zvega. Maona?

19 Ha—hazvina kuita sekutaura pamusoro pazvo, woti, "Ndimi ndicho chiratidzo." Zvino, ndichatakura, kutenga shangu, rurimi rweshangu handiyo shangu. Runongouya neshangu, maona. Runongouya neshangu. Munoona? Zvino, zvimwe chetewo neChiratidzo. Chiratidzo ndiKristu. Asi kutaura nendimi, nekudzinga madhimoni, nekuita zvinhu izvozvo, nekuparidza, nechero chipi, kuratidza kuti Chiripo, chokwadi, asi hachizi—hachizi iCho. Honai, chipo chaCho. Kana ndikakuudzai kuti . . .

20 Unoti, "Ndi—ndinoda imi, Hama Branham," uye ndokupa chipo, waona. Zvino, handi ini, chipo changu.

Ndimi chipo cheMweya Mutsvene, kwete Mweya Mutsvene; chipo cheMweya Mutsvene.

21 Zvino dhiyabhorosi anogona kutevedzera chero chipi chezvinhu izvozvo, asi haagoni kuva Mweya Mutsvene. Maona? Anogona kutevedzera zvipo izvi, asi haagoni kuva Mweya Mutsvene.

Zvino Mweya Mutsvene ndiwo Chiratidzo chekuti Ropa raiswa, nekuti Unotevera Ropa nzira yose kubva muBhuku reRudzikinuro. Munozviona? Ndicho chikonzero chekuuya kwaKe. Ndiro raAitevera muzera rega-rega. Zera rimwe nerimwe Akatevera izvozvo, kuona kuti Rabudirira, uye havaigona kukwaniswa isu tisipo. Uye zvino Mweya Mutsvene wose unoshanyira Chechi, uchigadzira Mwari mumutumbi wemunhu; sezvaAkaita Sodhoma, isati yatsva, zvaiva mufananidzo. Zvadaro, Abrahama, Iye akaonekwa naye.

22 Zvino zvinhu zvese zvaAsina kuita mumazera, mumazera echechi, Ave kuzviita zvino. Kudzokera kuShoko, nekuti mharidzo nemharidzo nemharidzo dzinofanira kuperera muShoko rese. Zvino mumazuva ekupedzisira, Zvisimbiso Zvinomwe zvichizarurwa, zvaizonhonga musiidzirwa wese wakasara imomo, zvoita chinhu ichocho chese mutumbi mumwe chete mukuru weMwenga, kuitira kuti avo vose vakararama shure uko vaisakwaniswa kusvikira Chechi iyi yakwaniswa, boka iri reMwenga mumazuva ekupedzisira, kuvapinza mukati, uye vose pamwe chete votakurwa mudenga. Maona?

23 Chiratidzo, Jesu Kristu, Mweya Mutsvene, ari pakati pedu. Tinofanira kuzviyeresa. Ha—ha—ha—hatigone kuzvininipisa zvakakwana. Kubvisa shangu dzako, kana kuenda pamabvi ako, hazvimbozvibvisa; hazvaimbo—hazvaimbozvikwanisa,

hazvaimbotikwanira; asi hupenyu hunounza muchero weMweya!

24 Zvino muchero weMweya chii? Munoona? Rudo, mufaro, rugare.

25 Munorangarira mangwanani ano? Gadziriro, akatumira nhume neShoko. Chinotevera chaAkaita, mushure mekunge Atumira nhume neShoko, Akatumira Shongwe yeMoto kuti isimbise. Chakatevera, mushure mazvo, yaiva nyere-. . . kana nyaradzo. Maona? Maiziva kuti zvanaka, waive murugare. Tine rugare naMwari, kubudikidza naIshe Jesu Kristu. Maona?

26 Zvino manheru ano tichanamatira vanorwara, uye ndinotenda kuti vane chirairo. Mu—muchava nerubhabhatidzo, shumiro yekubhabhatidza? [Hama Neville vanoti, "Kwete."—Mupepeti.] Chirairo bedzi, chirairo. Zvino tinoda kuti musare kuchirairo.

27 Zvino mu—mumaminitsi makumi matatu nemashanu kana makumi mana tinotarisira kunge tapedza uye tagadzirira chirairo. Uye zvino, mangwana inguva yeZuva reVashandi, saka munogona kuti zororei. Zvino, ndati ndizvo zvatinotarisira, munoona. Hatizivi kuti inguva ipi. Ndinoda kuti ndizvijekese.

28 Zvino, mangwanani ano ndakuudzai, ndisinemi, ndi—ndinofunga kuti tanga tiine imwe Mharidzo yemaawa mairi kana matatu mangwanani ano. Asi—asi nda—ndanga ndichangotanga, ndikangofunga kuti ndichangoenderera mberi nazvo usiku huno, asi yanga yakanyanyisa kunaka. Handizive kuti vanhu vaibata here kana kuti kwete. Ndinovimba kuti vanodaro, kwese-kwese. Uye ndinotarisira kuti pava nematepi akanaka pairi, kuitira kuti iende kunze, kuzozivikanwa, kuti ndinotenda, neMharidzo yese yandati ndambounza, kuti ichakakwana ichocho chakafanogadzwa naMwari, kunze kwe. . . Ndizvozvo, kutumwa kukuru, seZvisimbiso zvinomwe nezvimwe, izvo zviya raiva Shoko raMwari rakananga. Ndiri kutaura pamusoro peMharidzo yekuparidza; ndinotenda kuti iyi ndiyo yacho, munoona, iyo—iyo, ndiyo yaifanira kutevera Zvisimbiso Zvinomwe zviya.

29 Zvino tarisai zvakauya mushure meZvisimbiso Zvinomwe: kubatana kwevanhu, kubatana kwezviratidzo, getsi dzvuku richivaima mumazuva ekupedzisira, chiratidzo chemadzimai achiwedzera runako, uye vanhu, zvavaizoita. Zviratidzo zvese izvi zveMweya Mutsvene zvichikwira, zvozouya shure kuno kupa nhongonyn'a yeMharidzo dzose dziya kubvira kuZvisimbiso Zvinomwe. Inoiswa nhongonyn'a muchinhu chimwe chete ichi, Chiratidzo, kuti takanaka, munoona, kungozviongorora kuona kana tiri muKutenda.

30 Zvino, Ishe vakuropafadzei. Uye zvino tisati—tisati tavhura Bhaibheri, kunamatira vanorwara. . . Tabvunza mangwanani ano, vangani vakanamatirwa usiku hweSvondo yapfuura, va—

va—vakapodzwa, vakatopodzwa vhiki rino, zvino munhu wese ari muno asimudza ruoko rwake, aiva kumusangano usiku hweSvondo yapfuura. Zvino, chimwe chinhu, chaunonzwisisa. Chimwe chinhu icho . . . Icho, ndiri kuzvibatira pachangu.

31 Paita mukomana mudiki, akanga angoudzwa, auya achibva kuChicago, naMai vadiki . . . Mudzimai here, Peckinpaugh, Peck- . . . Mai Peckinpaugh veku—veku . . . Ihanzvadzi yeChikristu yakanaka kwazvo. Zvino vakauya nemumwe munhu, mwa—mwana, nekunzwisisa kwandakaita, mukomana mudiki kana zvakadaro, uyo—uyo vana . . . vanachiremba vaisatomboziva kuti anorwara nei. Mapapu ake anga akaipa zvikuru, kana zvakadaro, zvekuti—zvekuti vaisagona . . . vaisagona kumuendesa kuchikoro kana chimwe chinhu. Aiva achirwara, zvakaipisisa. Ndokuti, Mweya Mutsvene mushure meMharidzo, wakataura nemukomana mudiki iyeye, ndokumudana, ukamuudza zvinhanho zvake nezvakadaro, ndokureva kupodzwa kwake.

Zvino vhiki ino akaenda, amai kana vabereki, kana chero waaiva, akamudzosera kwachiremba, chiremba ndokuti aiva nemapapu matsva, maona, mapapu matsva. Uye nemanzwisisiro andinoita, ekuti—ekuti vabereki vacho kana kuti mumwe munhu akachaya nhare yakabva kure, kana imwewo nzira, kuti zviziviswe kuungano. Maona? Zvino, Mwari, Musiki, anogona kugadzira mamwe mapapu.

32 Ndi—ndinotenda kuti tiri pa—pamhenderekedzo yechimwe chezvinhu zvikurusa zvati zvambovapo panyika kubva mumazuva aShe Jesu. Munoona? Munoona? Asi zvino tinongogona kuzivikanwa se . . . Zvinenge zvakanyatsoninipa. Maona? Honai, zvinonzi nemunhu *zvikuru*, Mwari anozviti "chinyangadzo." Asi zvinonzi nemunhu *kupusa*, Mwari anozviti "zvikuru." Munoona? Saka zvino zvitarisei, muone, zvichange zvakanyatsozvininipisa zvekuti hamungambozvipotsa . . . zvekuti munozvipotsa kana musina Chiratidzo ipapo kuti muzvinzvere, munoona. Maona?

33 Ndiani aingambozvifunga kuti makomo aichirika setumakondohwe, uye mashizha aiombera maoko awo, paiuya muporofita kubva murenje; zvakataurwa naIsaya, chiuru nemazana maviri . . . makore mazana manomwe negumi nemaviri zvisati zvaitika. Aine ndebvu kumeso kwake kwose, nechidimbu chedehwe rehwai, asina kana purupiti zvayo yekuparidza pairi, adzingwa kubva kumachechi ese, akamira pamahombekombe eJorodhani, achidanidzira, "Tendeukai!" Ndokudana vanhu kuti boka "renyoka," nyoka. Asi ndizvo zvakataurwa naMwari, kuti paAnouya, "makomo aizochirika setumakondohwe." Maona? Vakaninipa vakazviona vakafara.

34 Vaigozonzwisisa sei kuti . . . Mhesiya mukuru, akaporofitwa kubva kumavambo chaiko kweBhuku, munaGenesi, kuti

Aizouya, Muponesi? Zvipiriso zvose, nevaporofita vose, nezvose zvainge zvanongedza kwaAri. Zvino paAkauya, zvichiita sekunge kuberekwa kweupombwe; baba vakanga vasati varoora amai vaKe, sokudaro. Maona? Zvino mudzimai akaonekwa ava nepamuviri vasati varoorana. Uye ndokuuya akadaro, akaberekera muka—ka . . . Zvakanaka, zvinonzi danga, muBhaibheri. Asi danga mumazuva iwayo raiva bako kuseri mu—kuseri mumadziro. Ndakasangana nenzvimbo yakadaro kunze kuArizona imwe nguva, ndichivhima. Paiva nedanga seri pasi pemawere ematombo. Zvino ndiyo nzira iyo Jesu akaberekwa nayo, seri mukadanga kepamawere aka pachidyiro chesora neuswa, mudanga remombe, maona, kwaiva nezvipfuwo.

35 Ndokukudzwa semubatsiri wemuvezi wemapuranga, zvino iYe angava sei Jehovha mukuru? Asi ndizvo zvazvaiva, maona. Ndizvozvo. Maona? Munhu asinganzwisisike. Asi, oh, paAingova mukomana, Akashamisa vaprisita nekuziva Shoko. Nokuti sei? Aiva Shoko. Maona? Aiva Shoko.

Haana kumbobvira anyora bhuku. Haana kumbonyora—Haana kumbonyora shoko rimwe. Shoko rega raakambonyora, ndinofungidzira, akaridzima, mu—mujecha, apo mumwe mukadzi akabatwa muhupombwe. Haana kumbobvira anyora shoko rimwe chete. Sei? Aiva Shoko. Munoona? Aiva Shoko. Haaifanira kuRinyora; Hupenyu hwaKe hwaiRirarama. Aiva Shoko. Dai iYe . . . "Kana ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, zvino musaNditenda." Maona? "Kana ndikasaita chaizvoizvo zvakanzi neShoko ndaizoita, zvino handisi Shoko. Asi kana . . . " Ndizvo zvaAireva. Ndiye Shoko.

36 Saka zvino zvigadzirire zvino kuitira—kuitira shumiro yekupodzwa nechirairo zviri kuuya. Tingafara kuti mugare nesu kana muchikwanisa. Kana usingakwanise, tichava nekuparadzana pakarepo.

37 Uye musakanganwe, ndinamatirei nekunamatira mudzimai wangu, mudzimai akanakisa munyika yese, ne—nevana vangu. Zvino ndakavakumikidza, mumwe nemumwe wavo, mumaoko aIshe Jesu.

38 Zvino, Becky angori pazera rehudiki "rwekusagadzikana," munoziva, uye zvekungoti "pesu—pesu," sezvataikudana. Saka zvino angori pazera iroro. Asi, zvino, musikana anotapira zvikuru, uye ndi—ndinotenda Mwari naizvozvo; haapute, haanwe, haamhanye-mhanye, kana. Asi angori pazera iroro, ha—haana hanyn'a. Haadi kuenda kuchechi, uye, akaenda, anogara kumashure uko achitsenga bhabhrigamu, osimuka obuda panze. Izvozvo, munoona. Ndinoda kumuona akazadzwa neMweya Mutsvene.

39 Ndinoda kuona Joseph, ndinoda mukomana iyeyu . . . Ndinotenda kuti rimwe zuva ndisisagone kufamba kuuya

kupurupiti zvachose, ndinoda kutora Bhaibheri rabvaruka iri ndoripa kwaari, ndoti, "Joseph, gara naRo, mwanakomana." Zvino ndagadzirira kukwira kudenga. Ndinoda kunzwa mhepo ichivhuvhuta pane imwe nzvimbo, ndotarisa mudenga, ndosimudza ruoko rwangu, ndoenda.

Ngatinamatei.

40 Mwari Baba, hupenyu hwedu hwese hwakaputirwa maChiri, nokuti NdiMi, uye iMi muri Hupenyu hwedu. Zvino pane vamwe pano, Ishe, va—vatori nacho Chiratidzo chandataura nezvacho. Vakawana Chiratidzo ichocho, asi vari kurwara. Zvino ndinoda kutaura manheru ano pamusoro pekuvapa kushinga, ku—kuvakurudzira kuti vatore idzo kodzero dzakapihwa naMwari. Vane kodzero yekukunda dhiyabhorosi iyeye. Akatokundwa kare, uye ari kungovanyepera. Ndiri kuvakumbirira, Baba.

41 Zvino ndibatsirei kutaura Shoko. IMi taurai kubudikidza neni, Ishe, nezvinyorwa zvishoma zvandakanyora pano, neMagwaro madiki andakanyora. Ndinonamata kuti Mundibatsirewo, Ishe, mupinde muShoko muvape kutenda kuitira kubwinya kwaMwari. MuZita raJesu ndinonamata. Ameni.

42 Zvino nekuchimbidza, ndinoda kuti muzarure muBhaibheri kuBhuku raJeremia chitsauko 29, kana muchida kuverenga. Kana kuti, kana musingade, ingozvinyorai pasi. Jeremia, chitsauko 29. Zvino tichatanga nendima 10 yaJeremia, ndima 10 yechitsauko 29. Zvakarewo, tichaverenga kubva munaRuka, chitsauko 16, tichitangira pandima 14.

43 Zvino ndichakupai musoro wemharidzo yangu, pamuri—muri—muri kuvhura. Musoro wemharidzo yangu manheru ano ndewekuti *Kuperera*. Uye ini . . . Kuperera, uye, zvino, munoziva kuti kuperera chii.

Saka zvino tiri kuzoverenga munaJeremia chitsauko 29, ndima 10.

> *Nokuti zvanzi naJEHOVHA, Kana makore makumi manomwe aperera Bhabhironi ndichakushanyirai, nekukusimbisirai shoko rangu rakanaka,* ndichikutendeutsai *kunzvimbo ino.*
>
> *Nokuti ndinoziva ndangariro dzandinorangarira pamusoro penyu* . . . (Hazvitapire here?) . . . *ndizvo zvinotaura JEHOVHA*, kunyange *ndangariro dzerugare, dzisati dziri dzezvakaipa, kuti ndikupei magumo* anogamuchirika.
>
> *Muchadana kwandiri, muchandonyengetera kwandiri, neni ndichakunzwai.*
>
> *Muchanditsvaka, mukandiwana, kana mukanditsvaka nemwoyo wenyu wose.*

Ndichawanikwa nemi, ndizvo zvinotaura JEHOVHA*: ndichakudzosai pakutapwa kwenyu, nokukuunganidzai . . . kumarudzi ose, nekunzvimbo dzose kwandakanga* ndakudzingirai, *ndizvo zvinotaura* JEHOVHA*; uye . . . ndichakudzoserai zve* ku—ku*nzvimbo kwandakanga ndakutapisai.* Kudzoka kupentekosti!

Ndini ndazviisira, pachangu. Haridaro. Ndizvo zvandanga ndichireva kuChechi.

Ruka 16, kutangira pandima 15, kana kuti ndima 16.

*Murairo navaporofita zvakanga zviripo kusvikira kunaJohane: kubva panguva iyo ushe hwaMwari hunoparidzwa, mumwe nomumwe anopinda mahuri ne*chisimba.

"Mumwe nemumwe anopinda maHuri nechisimba." Kwete kungofamba kupinda maHuri, zviri nyore, asi Hunofanira kupindwa nechisimba. Maona? Zvino, "PamunoNditsvaka nemoyo wose, zvino muchaNdiwana."

44 Zvino Akavimbisa kuti aizodzosa vanhu, kubva mukupararira pasi pose, mushure memakore makumi manomwe iwayo, kudzoka kuJerusarema kwavakanga vabva; uye Akaita saizvozvo chaizvo. Ndizvozvo.

45 Zvino tichataura pamusoro pe—pe*Kuperera* kwemaminitsi mashoma zvino. Kazhinji, zvinotora chinhano chekuva pakamanikana, kutikandira pakuperera. Munoona? Zvinosuwisa kuti zvinotofanira kudaro, asi vanhu vanononoka kufunga, zvekuti zvinotora chinhano chinoda betsero muchimbichimbi. Chimwe chinhu chinoitika, uye pazvinodaro, zvi—zvinovaisa pakuperera. Uye zvirokwazvo, mukudaro mukuperera uku, zvinobuditsa chaizvo zvauri. Zvinotaridza zvawakagadzirwa nazvo chaizvo, munguva yekuperera. Zvinowanzobuditsa hunaku hwese huri mauri.

46 Munguva yerufu, ndakambonzwa vanhu pavaiziva kuti vave kufa, zvinhu zvavaichengeta vakazvivanza hupenyu hwavo hwese, ivo, mukuperera, vaiedza kuzvireurura. Munoona? Zvino vachiedza, "Tora *ichi* uchigadzirise; enda, ndapota; enda, daro," maona, mukuperera. Vaifanira kunge vakazviita kare, maona, kwete kumirira nguva iyo chinhano chaipisisa. "Ungandiitirawo here *chakati-nechakati*?" Chinhano chekuva pakamanikana chinokonzera kuperera. Apo, tichifanira kuzviita pasina chinhano chaminama.

47 Zvino tinocherechedza, manheru ano, kuti tiri kutora mifananidzo yePaseka. Zvino Paseka yakatorwa panguva yechimbichimbi, munguva dzekuperera. Munocherechedza muna—munaEksodho chitsauko 12, ndima 11 yechitsauko 12, ndinotenda kuti ndiyoyo, inoti, "Idya Paseka iyi wakapfeka shangu mutsoka dzako, nechiuno chako chakasungwa, uye nemudondoro muruoko rwako," waona, uri kuidya mukuperera.

48 Vakanga vaona ruoko rwaMwari rukuru. Vakanga vaona zvishamiso zvaKe zvese, uyezve ndokuzouya pasi pemucherechedzo weChiratidzo. Zvino pavakanga vari pasi pemucherechedzo weChiratidzo, vakatora chirairo mu— mukuperera, nekuti vaiziva panguva iyoyo kuti Mwari vaigadzirira kuparadza nemutongo.

49 Uye yakanga yava nguva yekuzunguzwa zvino. Yaiva nguva iyo munhu wose aizviongorora, nekuti Shoko remuporofita rakanga risina kumbokundika kana nguva imwe chete. Rakanga rasimbiswa kuti ichokwadi. Zvose zvaaitaura, zvaiitika sekureva chaiko kwaanenge aita. Shongwe yeMoto yakanga ichiripo. Uye, zvino, muporofita akanga azivisa kuti Mwari aizongopfuura bedzi kana Aona chiratidzo pamusuwo. Zvino kwaiva kuperera muchimbichimbi.

50 Ndinogona kufungidzira vana vaiva . . . pavakaona mazipapiro aya makuru, matema achidzika kubva muchadenga sehutsi huri kuputira guta, kudanidzira kwekuchema kwaibva muimba yega-yega, vana vaigona kunge vakaenda kunababa vavo ndokuti, "Baba, mune chokwadi here kuti tiri pasi pechiratidzo?"

Zvino vaigona kuenda pamukova, votarisa pachivivo, chigwatidziro, voti, "Mwanakomana, zviri maererano neShoko raKe."

"Rangarirai, ndini mwana wenyu wekutanga. Baba, mune chokwadi here?"

51 "Ndine chokwadi! Zviri maererano nezvatakaudzwa nemuporofita, uye ane Shoko raJehovha. Akati, 'Pandinoona ropa, ndichakupfuurai. Torai gwayana paimba.' Ndakuunzai mose vana mukati. Iwe ndiwe mukurusa, asi dangwe rangu. Ndivo vari kufa kunze kwese uko; asi *hero* ropa. Ndizvo zvaiva ZVANZI NAJEHOVHA. Saka zorora, mwanakomana wangu, zorora wakadekara, nekuti Mwari akaita vimbiso. Waona?"

"Ko, Baba, sei makapfeka shangu dzenyu? Sei muine tsvimbo muruoko rwenyu? Sei muine chimedu chechingwa muruoko rwumwe negwayana mune rumwe ruoko? Sei miriwo iyi iri kuvava nezvimwe? Chii chamuri kuzvidyira? Sei ziya riri kuchururuka pachiso chenyu?"

"Mwanakomana, rufu rwuri kugadzirira kuuya." Munoona, maiva munguva yechimbichimbi mukuperera.

52 Zvino, ndinotenda kuti tiri kurarama mumazuva ayo atiri . . . Kana, kuti, mazuva atiri kurarama maari anofanira kukonzera Chechi kuti ipinde mukuperera kuzere. Ndinotenda kuti, kubvira pamharidzo yabva kuna Mwari mangwanani ano, kwete ini, ndinotenda kuti inofanira kukandira ungano ino yose pachimbichimbi yokuperera, nekuti tatamba kwenguva refu. Taenda kuchechi zvakakwana. Tinofanira kuita chimwe chinhu.

53 Sei zvichiitika kuti tinoona zviratidzo zvikuru nezvishamiso zvakaitwa pane vamwe, ko isusu? Zvinofanira kukonzera chinhano chekuperera, kuti tatsunga moyo, pamberi paMwari. Zviratidzo zveKuuya kwaKe zvinofanira kuunza ungano ino yose, patazviverenga muShoko . . . Uye Mweya Mutsvene wakatiudza, "Enda panzvimbo yokuti nokuti, *chakati-nechakati* chichaitika," kwete kutiudza kuti chaiva chii, asi kuti chichaitika. Toenda ikoko, zvoitika nenzira iyoyo. Mapepanhau anozvinyora, mamagazini anazvo, otaridza mufananidzo wacho. Wodzoka pano woona zvakavanzika zvikuru zviya, zvakavanzwa muBhaibheri, zvazarurirwa isu, muchiyero chitsva chatisina kumbenge takaziva, zvonyatsopindirana nemuKuuya kwaShe Jesu.

54 Zvadaro, pakuguma kweMharidzo, moona kuita kweMweya Mutsvene mukuru, toMuona achidzika zvinooneka mberi kwevanhu, nekutotora mifananidzo yaWo. KuUona uchishanda nekuratidza kuti haasi munhu, haasingori muparidzi chete, haisi imwewo ungano yakatsaurwa. Mweya Mutsvene uri uchitaridza zvinhu zvimwe chete zvaWakaita paWakanga wakaiswa mumutumbi waJesu Kristu. Zvino waiswa mumutumbi weMwenga waKe. Zvinofanira kutipinza mukuperera.

55 Vanhu vaye vakanga vaona ruoko rwaMwari. Uye husiku huya hwechirairo, vakachitora ne . . . mukuperera, nekuti vaiziva kuti chimwe chinhu chakange choda kuitika. Uye tinoziva kuti pane chiri kuda kuitika. Zvino rangarirai, Kuuya kwaShe kuchange kuri kuenda kamwekamwe, muchivande. Achauya kuzotora Mwenga sembavha pausiku. Zvino kufunga kuti mumwe munhu, nenguva isipi, pane nhego dzemhuri yedu dzaenda, iwe wosara! Zvinofanira kutipinza pakuperera, zvekuti, nenyasha dzaMwari, hatizosare. "Kana paine chinhu chandisingade . . . Regai, musandisiye, Ishe."

56 Mazuva mashoma apfuura ndainzwa Mel Johnson achiimba rwiyo rwuya:

> Ndirangarirei apo misodzi inoyerera, hongu,
> Ndirangarirei apo shamwari dzinenge dzisipo;
> Uye pandinoyambuka rwizi urwu rweJordhani,
> PaMunenge muchidana mazita, ndirangarireiwo.

57 Zvino muBhuku reUpenyu reGwayana, ndinoda kuti zita rangu ringe rakanyorwa. Ndinoda kuti Andirangarire panodanwa mazita. Zvinondipinza mukuperera, ndizvo, sezvakarehwa naPauro, "Mushure mekunge ndaparidza Vhangeri ndichava mu—murambiwa, ndichava a—anozoraswa here?" Zvinogona kuitika. Saka zvinondiisa panguva yekuperera, kuperera, kufunga kuti, mushure memakore ese aya ekuparidza, ndingagona—ndingagona . . . pasvike imwe

nzvimbo yandingaMutadzira? Chii chimwe chingaitwa? Zvino chii chandinofanira kuzoita? Saka zvinondiisa muchinhano chekusagadzikana. Zvino ndingaitei? Zvinondikandira kumakomo nekumipata. Zvino zvakaoma, nokuti, kana ndiine vanhu, ndinofanira kuva zvinhu zvese kuvanhu vese, kuitira kuti ndiunze vamwe kuna Kristu, asi ndiine Chiratidzo mberi kwangu nguva dzose. Maona?

58 Zvino ndinoona zvinhu zviri kuuya, uye haugone kuudza vanhu. Unoona zvinhu zvakasiyana, uye unorambidzwa. Zviratidzo zviya zvavanotsvaka, zvino dzimwe nguva vaizodemba kana ukazviudza kwavari, asi unoziva zviri nane pane kuzviita. Zvino unodzika muzviratidzo kusvikira zvinhu zvese zvava chiratidzo, zvinokuisa muchinhano chekusagadzikana. Uno—unotarisa woti, "Zvino ndiri muchiratidzo here?" Sekugara ipo pano, "Chiratidzo here ichi? Ndakanyatsomira pai?" Munoona, uno—unozvishandisa zvakapfuurira, unozvishandisa zvakapfuurira mwero. Zvino unoziva zvinhu pamusoro pevanhu zvaunoshuva kuti dai wanga usingazive. Vanhu vanoshuva zvinhu izvi, kuziva zvinhu izvi, havazive kuti shumiro iyi inotora zvakadini. Hamuzive zvinoenderana nayo. Zvadaro zvinopinza mukuperera, "Ishe Mwari, ndinoziva kuti ndiri kuzozvipindurira."

59 Jack Moore akati kwandiri imwe nguva, "Handingadi kupindurira sekupindurira kwamuchaita, paZuva reKutongwa." Akati, "Mwari akaisa vanhu ava mumaoko enyu, uye muchapindurira mumwe nemumwe wavo. Muchapindurira shumiro yenyu." Ava makore angaita gumi nemashanu apfuura, kana kuti gumi nemasere. Zvino kubvira ipapo, ndanga ndiri mukuperera. Ndichaitei?

"Regai nditaure izvo zvaMunotaura chete, Ishe. Regai ndivaudze Chokwadi, kana kuti ndorega kutaura chinhu." Zvinondipinza mukuperera.

60 Zvino tichiona zviratidzo izvi zvichiuya, tichiona Mweya Mutsvene uchititora kunze uko, nekutiunzira zvisimbiso izvi, nekuzvizarura saizvozvo. Kuunza Mazera eKereke nekuazarura, zvino ndokuzouya muShongwe yeMoto huru kumashure uko, ndo—ndokuZvizarura. Zvino ndokudzika mune chinhu chaitevera, paZvisimbiso Zvinomwe, nekuchizarura. Kunyange kuzviisa mumapepa nemamagazini. Zvino ndokuuya kuzotora vatumwa vaMwari, vatumwa vanomwe vaya vaine Mharidzo nomwe, ndokusimbisa zvizere zvakataurwa neBhaibheri. Zvino, munguva iyoyo, ndokuuya kuzounza Zvisimbiso zviya . . . zviratidzo zviya, kuvaima kwenguva yekuguma, uye nekuzviunza kuvanhu nekuvaudza kuti chii, nezvose pamusoro pacho, zvino Ishe vachishanda ipapo vachiratidza huvepo hwaVo. Uyezve, semangwanani ano, kuuya uye nokuda Chiratidzo pamunhu wese. Zvadaro, muri vanhu vangu. Ndimi

avo vandinoda, ivava neavo vari kuteerera matepi, nezvakadaro. Zvino munoona kuperera kwandinopinzwa makuri.

61 Kuperera. Zviratidzo zveKuuya kwaKe zvinofanira kuisa nhengo yese yaKristu mukuperera zvino, pamusoro pemweya yedu, pamusoro pezvatichange tiri mu—mu—muhupenyu hunotevera. Ko, tichazodini tikawana nyika yese? Timbori chii, chii chatiri kuraramira? Unoshandirei? Uri kudyirei? Uri kushingairira chii? Kurarama. Uri kuraramirei? Kuti ufe. Zvino hauna kukodzera kurarama kana usati wagadzirira kufa. Ichokwadi.

62 Zvino tinoona zvishamiso zvizhinji zvekupodzwa, zvinofanira kutipinza mukuperera.

63 Kana kamukomana kaya . . . Ndakatarisa Mai Peckinpaugh here zvino? NdiMai Peckinpaugh here ava? Ndimi here maiva nemukomana pano, kana zvakadaro? Zvino, heunoi mudzimai wacho agere pano wandanga ndichitaura nezvake. Ndangoerekana ndatarisa uko ndokumuona.

64 Zvino kana Mwari achigona kuita izvozvo kukakomana aka, zvinofanira kukupinza mukuperera.

65 Mumwe murume kubva kuNew Albany, anogona kunge ari pano manheru ano. Ishamwari yeHama yangu Roberson. Aiva nekakomana pano. Ndinofunga kuti mudzimai wake aiva nekenza imwe nguva akapodzwa. Uye—uye zvino, mukomana mudiki ane asthma yakashata zvekuti ari muchimiro chakaipa. Mudiki uyu, ane huro yatopotsa yaita kenza, pachake. Maona? Zvino aunza kamukomana, hongu, ndinoona ruoko rwake rwasimuka kumashure, kumashure uko, anamatirwa mangwanani ano, munoona.

66 Kuperera! Mudzimai wacho paakanga oda kuchifa nekenza, murume wakaziva kuti Mwari anogona kumupodza. Zvino kana Mwari vaigona kupodza mudzimai, Mwari anogona kupodza mukomana. Uye zvinozviisa muchinhano chekuperera. Maona? Unofanira kuuya; zvino kana waperera, Mwari vachazokuteerera. Asi kana uine nungo, hauna hanya kuti Anozviita here kana kuti kwete, saka, zvino zvasiyana. Unoti unodaro, asi zvinotora kuperera kuzviita.

67 Ndinotenda kuti chikonzero tisina kuperera ndechokuti hapana rudo, Mwari, rudo rwaMwari. Ndinofunga kuti rudo rwaMwari runokonzeresa kuperera. Kana Mwari ari mauri, Chiratidzo chiri mauri, uye woona chinhano chenguva, nevanhu kafambiro kavari kuita muchivi, zvinokukandira mukuperera. Ndinotenda zvinodaro.

68 Zvino Shoko rinotaura pachena, kana uchida kunyora izvi pasi, muna vaGaratia 5:6, kuti, "Kutenda kunoshanda nerudo." Maona? "Kutenda kunoshanda nerudo." Uye nzira yoga yaunogona kuva nekutenda, kuva nerudo kutanga. Nekuti, mushure mazvose, kutenda chipo cherudo. Chipo, ndizvo

chaizvo zviri—zviri kutenda. Chipo cherudo. Zvino, iwe, kana usina rudo, haugone kuva nekutenda. Maona?

69 Ko ungava sei nekutenda mumudzimai wako kana usingamude? Mu*rudo rwepanyama*. Zvino ko kuzoti mu*rudo rwaMwari*, kuna Mwari? Zvingagova saizvozvo sei kana usingade Mwari?

Kana waiti unoda mudzimai wako, usingambomuudza pamusoro pazvo, worega kugara pasi womuratidza rudo, kurwuratidza kwaari, kumusvepura, kumumbundira, nekumuudza kuti ndiye mubiki mukuru munyika yese, zvinhu zvese zvaunoziva, nekunaka kwaakaita pachiso, uye kuti unomuda sei; kana ukasadaro, haambofa akazviziva. Ndiyo nzira yacho. Kana uchimuda, unozviratidza.

70 Ndiwo maitiro atinoita kunaMwari. PakuMuda kwedu, tinoMuudza pamusoro pazvo. Tinogara pasi toMurumbidza, nekuMunamata. Zvino, onai, rudo rwunotikonzera kuti tidaro.

71 Zvino ko dai chimwe chinhu chiri kufanira kuitirwa mudzimai wako? Handiti, zvaitokupinza mukuperera kuti zviitwe. Ko mumwe munhu akati mudzimai wako ane kenza? Ko mumwe munhu akati mudzimai wa—wako ane T.B., uye ari kugadzirira kufa? Asi, iwe, uno—unoita chero chinhu chipi zvacho. Hona, zvinokupinza pakuperera.

72 Zvino ndicho chinu chimwe chete chazviri. Tinofanira kuva nerudo tisati tava nekutenda. Uye kutenda . . . Kana tava nerudo rwechokwadi, rwunoitei? Rwunosaidzira kutenda kwedu kunze pamberi pehondo takamiririra Mwari. Maona? Rudo rwechokwadi rwaMwari neShoko raKe nevanhu vaKe, rwunosaidzira kutenda kunze uko. Rudo rwunongotora kutenda, rwongoti, "Huya, handei!" Zvino kunobuda, nokuti ndizvo zvinoita rudo.

73 Johane 14:23, Jesu akati, "Kana munhu achiNdida, achachengeta Mashoko aNgu." Zvino haugone kuchengeta Mashoko aKe usina kuva nekutenda mune zvaAkataura. Saka, munoona, kana achida Mwari, zvino anochengeta Shoko raMwari. Kana Akati, "Ndini Jehovha akakupodza," anozvitenda. Rudo rwunomuita kuti azvitende, nekuti rudo rwunotonga zvese. "Kunyange ndikataura nendimi dzevanhu kana Ngirozi, ndisina rudo, hazvina maturo, maona. Kunyange ndikava nekutenda kunofambisa makomo, ndisina rudo, hachisi chinhu." Rudo rwunotonga zvese, nekuti Mwari rudo, Mwari werudo. Zvino, hongu, changamire! Kana Jesu akati, "Kana munhu achiNdida, achachengeta Mashoko aNgu."

74 Tinoziva kuti ichokwadi kuti Mwari achasangana nemoyo wakaperera. Zvino, tose tinozviziva izvozvo. Asi kazhinji zvinotora chimwe chinhu kuti chitipinze imomo, mukupererwa imomo, mukuperera. Zvinotora chimwe chinhu kuzviita.

75 Tinoona, munaJakobho 5:15, kuti Bhaibheri rakadaro. "Kukumbira kwakaperera," kuperera uku, "kukumbira kwakaperera kwemunhu wakarurama kune simba guru pakubata kwako. Kana munhu akarurama, munhu akanaka, akapinda mukugomera," kana kufamba kwemweya, kana kugomera, chimwe chazvo. Ndi—ndinofungidzira kuti "famba" izwi riri nane. Kugomera, kana kufamba, chero raungada kudana. Asi kana mwe—mwe—mweya wapinda mu—mukuperera, mukugomera, kukumbira kwakaperera kwemunhu anogona kuratidza Chiratidzo, kunoita chimwe chinhu. Maona?

76 Cherechedzai Bhaibheri rakataurawo zvakare pano, munaJakobho 16, 5:16, rikati, kana . . . "Kureurura zvivi zvedu," kugadzirisa, kuzvigadzirira, "reururiranai zvivi zvenyu mumwe kune mumwe." Musi—musina zvikanganiso . . . Kumbirai vanhu kuti vakunamatirei, reururiranai zvivi zvenyu, muchinamatirana. Hezvoka kwamuri. Nerudo, rudo, zvekuti ndine ruvimbo rwekuti ndinogona kureurura zvivi zvangu kwauri; uye iwe unogona kureurura zvivi zvako kwandiri. Zvino ndinokuda zvekuti ndinokwanisa kukunamatira, newe wondinamatira; zvino tichagara nako, nekukumbira kwakaperera, kusvikira kwapindurwa. Ndiko, kuperera kwacho. Ndizvo zvatinofanira kuva nazvo nguva dzose.

77 Ngatitorei mifananidzo yazvo yeMagwaro, yezvakaitika, zvino, kwemamwe, maminitsi angaita gumi nemashanu, Ishe vachitendera.

78 Jakobho, aiva munhu, kutanga aiva zvishoma . . . akaita semukomana akaregedzeka. Aifunga mupfungwa make kuti aiziva kuti hudangwe hwaireva zvese kwaari, uye akanga asina basa kuti aizohuwana sei, chero ahuwana chete. Mushure mekunge ahuwana, akafunga kuti zvese zvakanga zvaringana, nekuti akanga awana hudangwe. Akafunga kuti nyaya yacho yakanga yapera. Akauya kumukoma wake paakanga aine nzara, achibva kumunda, kubva kundoshanda nemombe nekuvhima nondo. Zvino mukoma wake, ai—aida poto huru yezvekudya, nyemba dzemusango ne—nezvimwe pamwe chete. Zvaigona kubata moyo kana munhu aine nzara, mushure mukufamba zuva rose. Zvino mukoma wake akati, "Ndava kutofa nenzara. Ndipewo zvimwe zveizvi."

Zvino akati, "Zvakanaka, ini . . . kana ukapika kwandiri kuti ndinowana udangwe." Munoona? Haana kuita hanyn'a nekuti azviita sei, chero ahuwana chete. Zvino akafunga kuti, paanowana udangwe, zvatopera.

79 Pentekosti, ndipo pamakakundika! Makafunga kuti nekuti mabarwa paMweya, makabarwa neMweya waMwari, Hudangwe, zvatopera. Asi kungozvitanga bedzi. Munorangarira mumharidzo ye—ye*Munzwei*, kuti mwana uya, mushure mekuzvarwa mumhuri, akava mwanakomana. Aiva nekodzero

kuhudangwe, asi zvaifanira kusimbiswa, mwana odzidziswa. Zvino kana akasaratidza kuti mwana anoteerera kuda kwababa, zvino zvaifanira kudaro, zvakanaka, aisawana iyo—iyo . . . aisazova . . . mugari wenhaka. Hapana nhaka yaaiwana, kunyange ari mwanakomana, asi hapana nhaka yaaiwana kana asina hanyn'a nebasa rababa.

80 Zvino saka Mweya Mutsvene pawakawira pavanhu veChipentekosti vakatanga kudzoreredza zvipo nezvimwe zvaiva muchechi; vakafunga kuti, nekuti vaive vazvarwa neMweya, zvatopera. Asi, munoona, pane kugadzwa kwemwanakomana. Zvino mushure mekunge mwanakomana uyu aratidza kuti mwanakomana kwaye, zvino aiendeswa kunzvimbo yakazara vanhu, ogadzirirwa, nekushandurwa nhumbi, oiswa padenga ipapo; zvadaro paizova nekugadzwa kwemwanakomana, kuti aiva nenhaka yezvose zvaiva nababa vacho.

81 Mwari akaita zvimwe chetezvo neMwanakomana waKe paGomo reKushandurwa. Akafukidzwa ne . . . kana kuti gore, ndokushandurwa, uye hanzu yaKe yaipenya sezuva, zvino inzwi rakati, "Uyu ndiYe Mwanakomana waNgu anodikanwa WaNdinofarira." Mosesi nemurairo akanga akundika. Zvino uyu ndiYe, "Munzwei." Akagadzwa. Maona?

82 Zvino Jakobho akafunga kuti, nokuti aiva nehudangwe, zvinhu zvese zvainge zvagadzirika.

Ndizvo zvakaita vanhu veChipentekosti zvakare, vakatanga kuronga masangano, ve—veoneness, vethreeness, nematrinitarian, nemamwe masangano ose, vachikakavadzana nekunetsana, zvikaratidza kuti Chiratidzo chakanga chisiri kuonekwa. Nduru, godo, kunetsana, honai, asi ndiko kwazvakazoperera.

83 Zvino, tarirai, Jakobho akafunga zvimwe chetezvo. Asi mukutya, humwe husiku, kutyira hupenyu hwake pachake, kuperera kwakamubata, paakafunga zvokuti, "Mhiri kwerwizi, mukoma wangu akamirira kundiuraya. Ari kuzodaro." Honai, hudangwe hwaakanga atora, ndicho chinhu chaizokonzera rufu rwake.

Zvino dzimwe nguva chinhu ichocho chaunogamuchira, seMweya Mutsvene, Ichocho, wakabarwa neMweya, kana ukasachenjera, chinhu chimwe chete ichocho chichakupomera kumagumo. Ndizvozvo. Mvura dzimwe chete dzakaponesa Nowa, dzakatonga nyika. Chinhu chiya—chiya chaunoti kupengereka chinogona kuva icho chaicho chinokupomera kumagumo enzira.

84 Zvino Jakobho aiziva kuti hupenyu hwake hwaiva pedyo nekuguma. Akaita nhume yakauya kuzomuudza kuti mukoma wake, nevarume mazana mana vane zvombo, vakanga vachiuya kuzosangana naye, vaiziva kuti aiva—aiva panzira

yake. Kutya kwakamubata. Akatumira murume aitungamira nenzombe, nemombe, nehwai dzekuita chipiriso cherugare naEsau. Zvino, mushure mazvo, akatungamidza rimwe boka rine mumwe mutundu wezvinhu. Zvadaro akatumira rimwe boka nemumwe mutundu wezvinhu, richiedza kunosangana naye kutanga, kuti aedze kutendeutsa hasha dzake. Zvino akatanga kufunga, "Izvozvo hazvimudzivise, nekuti pamwe ane hupfumi hwakapfuura hwangu. Haazvide." Zvino akatora madzimai ake nevana vake vose vadiki, ndokuvatumira mhiri, kuitira kuti Esau azoona vana vadiki ava nemadzimai ake. Uye zvokwadi tukomana netusikana tuvana twemunun'na wake, haangazotuuraya. Zvadaro, iye, anga asingakwanise kuzviita. Mwari anoziva nzira yekubata nayo munhu. Jakobho akayambuka rukova. Ipapo akaenda pamabvi ake.

Munoziva, akanga akaita sekamambara, munguva dzapfuura. Regererai chitaurwa ichi, asi akaita sekakungo . . . Aiva Jakobho. *Jakobho* zvinoreva "munyengeri," uye ndizvo zvaaiva. Asi pane chaifanira kuitika kwaari. Ipapo mukuperera, ipapo rufu parwainge rwava pamberi pake . . .

85 Panogona kunge paine varume nevakadzi vakagara pano manheru ano, avo, rufu rwuri pamberi penyu chaipo. Uye nzira imwe chete yamunogona kuwana nayo chinhu chauri kuda, kuuya wakaperera. "Ndinofanira kuchiwana, manheru ano. Ndinotochiwana zvino, kana kuti ndapera. Mangwana kutononoka. Ndinofanira kuva nacho izvozvi!"

Paunonamatira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, Chiratidzo, usati, "Saka, zvino ndichaendako ndoedza. Ishe, ini, ndakati netei." Oh, tsitsi, ramba wakagara muchigaro chako! Usatombo—usatomboedza zvako. Kana ukauya, woti, "Ndichapfuura nemumutsara wekunamatirwa; voisa mafuta pamusoro wangu, ndichaona kana zvikandibatsira," ungatosva hako wagara pauri ipapo. Kusvikira wasvika panzvimbo iyoyo, kusvikira chechi yose yasvika panzvimbo, panova pakati perufu neupenyu, unofanirwa kuva nacho izvozvi kana kuti woparara, zvadaro Mwari anosvika panzvimbo. Zvinotora kuperera kuunza Mwari panzvimbo.

86 Jakobho akachema zvaasati akamboita. Mukuperera akadana kusvika abata Mwari. Zvino paakadaro, akaita mutsimba; kwete kwemaminitsi gumi nemashanu. Akaita mutsimba wekuti aMuchengete, mumoyo wake, usiku hwese; asi zvakadaro aiziva kuti akanga asina ropafadzo, uye akagona kuramba akabatirira kusvika ropafadzo rauya. Akaita mutsimba akaperera kusvikira ropafadzo rauya. Zvadaro, akati aona . . . kusvikira Mwari auya panzvimbo. Saka zvadaro, apererwa, "Handisi kuzoKusiyai," paakatanga kunzwa ropafadzo richidzika paari.

Vanhu vazhinji vanoti, “Mwari ngaarumbidzwe, ndava nawo zvino.” Ipapo wanyengerwa. Hongu! Mumwe munhu oti, “Oh, ndiri kungonzwa zvakanaka, Hama Branham, ndadzikako ndikanamata. Oh, pane kubvunda kwangozara mumuviri wangu.” Zvino anogona kunge anga ari Mwari. “Ndakaona chiedza chikuru pamberi pangu.” Anogona kunge ari Mwari zvakare, asi handizvo zvandiri kutaura nezvazvo.

87 Bhaibheri rakati, munavaHebheru chitsauko 6, “Mvura inonaya zvakafanana, pane vakarurama nevasakarurama.” Zvino, tora gorosi, nesora, wozviisa mumunda. Zvino mvura inonayira gorosi, asi mvura inonayira sora panguva imwe chete yairi kunayira gorosi. Zvino, mvura yekunaya, sora rinofarira kunaya kwemvura sezvinongoitawo gorosi, uye imvura imweyo iri kunaya. Mweya Mutsvene mumwe chete unogona kuwira pane asingatendi woita kuti aite maitiro anoitwa nemutendi. Asi vanozivikanwa nemichero yavo; ndizvo zvandiri kutaura, ndicho Chiratidzo. Zvino Dha-. . .

88 Zvino Jakobho, waro, mukuperera, akati, “Ndinoziva kuti ndaKunzwai munyama yangu, Muri pano neni, asi handisi kuzoKuregai muchienda.”

Mumwe munhu anozviona zvakanaka, kamanzwiro kadiki kekutanga, anosimuka osvetuka-svetuka, achikwidza nenzira, oti, “NdaUwana, ndaUwana, ndaUwana.” Oh, kwete. Huh-uh. Kwete.

Jakobho akaramba aripo kusvikira chimwe chinhu chaitika, zvakamuita kuti afambe zvakasiyana, zvakamuita munhu mutsva, nekuti akamirira kusvikira zvaitika. Uye akakwanisa ku. . .Bhaibheri rakati, “Akaramba akabatirira kusvikira akunda.” Ko munhu anokunda Mwari sei? Asi unogona kuzviita. Unogona kuzviita. Munhu anogona kukunda Mwari.

89 Imwe nguva paiva nemurume anonzi Hezekia, akanga audzwa nemuporofita, “ZVANZI NAJEHOVHA, uchafa.” Hezekia akatendeutsa chiso chake kumadziro, zvino mukuperera akachema achiti, “Jehovha, ndicherechedzeiwo. Ndakafamba mberi kweNyu nemoyo wakarurama, zvino ndinoda mamwe makore gumi nemashanu,” mushure mekunge Mwari amuudza kuti pane zvanga zvichazoitika, anga achazofa. Zvino, mukuperera, akashandura hurongwa hwaMwari. Kuperera, kunyange, akachema zvikuru akaperera.

90 Jakobho akagara ipapo kusvikira ropafadzo rauya, ndokushandura zita rake kubva mukunzi “munyengeri” kuva “muchinda naMwari.” Kunyange nyika yakadanwa nezita rake. Hongu, changamire! Chaiva chii? Mubairo wakakonzerwa nekuti akasvika pakuperera pamusoro penyaya yacho. Zvino zuva rakatevera paakasangana naEsau, haaida vatariri. Akanyatsofamba achiuya ndokusangana naye. Maona? Sei? Akanga apinda mukuperera kusvika awana kusimbiswa.

Zvino unoperera kusvikira wawana simbiso. Kana usina, usatombouya hako kuzonamatirwa. Usatombouya kuartari. Mirira kusvikira zvava pakati perufu nehupenyu, kwauri, zvino chimwe chinhu chichaitika. Zviro kwazvo, kuperera!

91 Rute akasvika pakuperera, imwe nguva, paainge akamira naNaomi. Aifanira here kudzokera kuvanhu vake, kune avo vose vaaida, nevose vaa—vaainamata, vamwari vake nevanhu vokwake, kana kuti ainamatira pana Naomi? Anofanira kudini? Zvino akasvika pakuperera, ndokudanidzira nokuchema, "Kwamunoenda, neni ndichaenda. Pamuchagara, ndichagarapo. Pamuchafira, ndichafirapo. Pamuchavigwa, ndichaviga . . . kana kuti ndichavigwapo. Uye Mwari wako uchava Mwari wangu." Hezvoka, kuperera! Mwari akamuropafadza, ndokumupa mwanakomana, Obhedhi. Obhedhi ndokubereka Jese. Jese ndokubereka, kubudikidza naJese, Jesu akauya. Nokuti, kuperera!

92 Sekachipfeve kaya, Rahabhi, kaiva kakaperera. Aiziva kuti rufu rwakange rwuri mberi kwake. Aiva pasi pekutongwa. Zvino akaperera, ndokuti, "Ndichakuvanzai imi vasvoori. Ndichaita chero chinhu. Ingopikai bedzi, kuna Mwari wenyu, kuti imba yangu ichamira." Hezvoka.

Iye akati, "Ndicha . . . kana ukatora chiratidzo ichi, zvichadaro."

93 Eriezeri akasvika pakuperera paakapiwa mutoro wekutsvagira Isaka mwenga. Eriezeri weDhamasko aiva murume mukuru. Aidiwa zvikuru naAbrahama, aivimbwa naye naAbrahama kuti aende kundovhima mwenga, mhando chaiyo yemwenga, kuitira mwanakomana wake, Isaka. Kubudikidza naizvozvo zvaizounza Kristu.

94 Zvino, Eriezeri, semunhu wemweya, aiziva zvazvaireva. Mudzimai kwaye aifanira kuva mudzimai wemurume uya—uya. Saka aizomusarudza sei? Munguva yekuperera kwake, paakasvika muguta, akanamata akati, "Ishe Mwari!" Ndizvozvo chaizvo. Paunosvika pakuperera, enda unonamata. "Ishe Mwari, itai kuti mhandara ichatanga kuuya kuzopa mvura kungamera, nekundipa mvura yekunwa, ave iye." Akanamata munguva yake yekuperera.

95 Rebheka, mhandara yakanaka, akauya, ndokupa ngamera mvura. Uye zvadaro akati, "Musandinonotsa nerwendo rwangu." Mhandara yaifanira kusvika panguva yekutora sarudzo yokuti aizoenda here. Aiva mufananidzo weMwenga. Aizo—aizoenderera mberi here kunoroorana nemurume waasati amboona? Zvino, ichocho chinhu chikuru. Asati atombomuona, asi akanga angonzwa chete nemuranda wake.

96 Ndiwo mufananidzo weMwenga. Hausati wamboona Kristu. Asi unonzwa, nevaranda vaKe, zvaAri. Unotengesa zvese, unosiya dzimba dzako, nezvose zvazvinotora, kuenda

kunoMutsvaga. Zvino cherechedzai, akatora sarudzo, mufananidzo weMwenga, akasiya musha wake wesangano, munoona, kuti aende.

97 Jona, akakandirwa kunze kwechikepe munguva yedutu, pasi pegungwa, mudumbu rehove huru. Tariro yese yekurarama yakanga yaenda. Asi zvakangouyawo mupfungwa make kuti Soromoni, achikumikidza temberi, akati, "Ishe, kana vanhu venyu vakapinda mudambudziko kupi zvako, uye votarira kutemberi ino vonamata, zvino vanzwei." Achipinduka-pinduka mudumbu rehove, akagona kusvika paakaenda pamabvi ake, ndinofungidzira, marutsi ehove akamuputira kwese-kwese.

Imomo akanamata akaperera. Zvino imomo, akaperera; aiva nemweya mushoma wekufema mudumbu rehove. Zvino nemweya mushoma iwoyo waaifema, zvichida aisaziva kwaaiva, ndokuti, "Ishe, ndinotenda ndakatarisa kumusoro kune temberi yeNyu." Zvino nemweya mushoma wainge wasara, mukuperera, akanamata, ari pasi pemamiriro ezvinhu iwayo. Zvisati zvamboitwa, asi aiva aperera. Akanamata, uye Mwari akamuchengeta ari mupenyu kwemazuva matatu neusiku utatu, ndokumusiya panzvimbo yokuti asvitse mharidzo yake. Kuperera!

98 Hana, mudzimai asingabare aive muBhaibheri, aida mwanakomana, ndokutanga kumutsanyira. Zvino akatsanya nekunamata kusvikira kunyange maprisita patemberi akafunga kuti anga akadhakwa. Aiva ari mukuperera kwazvo! Nemamwe madzimai ose achiedza kutarisa zvakaita heti yakapfekwa nemumwe; uye munoziva zvazvinoita; zvino mumwe achitarisa hembe dzakapfekwa, nekutaura pamusoro pezviri kuitika papurazi. Asi kwete Hana; akafamba kubva muchaunga chese ndokuenda paartari. Akange achitsanya. Aida kuti kuzvidzwa kwake kubviswe.

Musiyano wakadini nhasi. Zvinotoita sekuzvidzwa kuva nemwana. Ipapo kwaiva—kwaiva kuzvidzwa kusava naye.

Saka akaenda pamabvi ake. Haana kumboona vanyarikani vepatemberi. Haana kumbocherechedza muprisita anoremekedzwa paifamba achibuda. Aiva mukushushikana kusvikira misodzi yake yaiyerera pamatama ake, uye aichema, mukuperera, "O Jehovha Mwari, ndipeiwo mwanakomana. Ndipei mwanakomana!"

99 Zvino, cherechedzai, anga asina hundini. Mwari paakamunzwa, ndokupindura munamato wake akamupa mwanakomana, akamudzosera kuna Mwari. Saka nekuda kwekuti anga asingadi kuva nehundini mushure mekunge Mwari apindura munamato wake, Akamupa muporofita. Oh, raiva ropafadzo rakawedzerwa. Oh, Akazara nazvo, zvinhu zvidiki zviya zvaAnopa. Kwete mwanakomana chete, asi muporofita. Zvino kwakanga kusina chiratidzo chepachena kwemakore

mazhinji, mazhinji, muIsraeri. Samueri, muporofita wekutanga, kwemakore mazhinji, mazhinji kwazvo, nekuti vamwe amai vakasvika pakunyatsoperera; kuti vakanga vasingabereki vana, uye vakanga vapfuura zera rekubereka vana, pamwe makore makumi matanhatu, kana makumi manomwe. Ndokunamata vakaperera, kuti vaifanira kuva nemwana uyu! Chaiva chii? Mwari akanga ataura naye, pasina kupokana.

100 Haungambopereri kusvikira Mwari ataura newe. Oh, Chechi, simuka uzvizunguze! Tswinya hana yako, zvimutse, munguva ino! Tinofanira kuperera, kana kuti taparara! Pane chinhu chiri kuuya kubva kuna Jehovha! Ndinochiziva seZVANZI NAJEHOVHA. Pane chinhu chiri kuuya, uye tinotofanira kuperera. Inyaya yeHupenyu kana rufu. Chichapfuura nepatiri torega kuchiona.

101 Nokuti akanga asina hundini, akapiwa muporofita.

102 Mudzimai weShunemi aiva nemwanakomana uyo muporofita ainge ataura Shoko raShe pamusoro pake, kunyange iye nemurume wake vainge vachembera. Vakanga vasina vana, asi aiva netsiye nyoro kumuporofita uyu—uyu. Zvino aiziva kuti aiva munhu waMwari. Akacherechedza kuti aiva munhu anoremekedzwa, munhu kwaye. Aigona kupinda mumba, murume wemudzimai uyu asipo, nezvimwewo. Aiva murume mutsvene. Vaigona kuona kuti munhu anoremekedzeka. Akanga ambomuona achiita mashura nezviratidzo. Akanga amunzwa achifanoreva zvinhu zvakazoitika. Aiva murume mutsvene, anoremekedzeka.

Akati kumurume wake, "Ndinofungidzira kuti murume uyu anotishanyira pano munhu mutsvene." Amai vemusha, vaiziva kuti munhu mutsvene. Zvino vakamuvakira imba diki kunze uko, kuitira kuti asanyare. Aigona kuuya chero paaidira, zvichidaro. Akaisa mu—mubhedha mudiki ikoko, ne—nechirongo chemvura, nezvimwe, kuitira kuti akwanise kuzvigeza nekuwana chekunwa. Saka zvichida aitumira musikana webasa kunze, kana mumwe munhu, mubiki wehwaini, ne—nezvokudya kuti amupe, ouya a—achimukwazisa, kanawo zvimwe.

103 Zvino, saka, Eriya paakaona tsiye nyoro idzi dzaitirwa kwaari. Zvino kwakanyorwa kunzi, "Zvamunoita kuvadiki vaNgu, munoitira iNi." Saka akaona kuti, mudzimai airemekedza Mwari paairemekedza muporofita uyu, sezvo akaona Mwari mumuporofita. Saka, zvino, hapana chaaida semubhadharo. Zvaiva zvisiri mumoyo make kuti awane chinhu mukutsiva. Akangozviita nokuti aida Mwari. Haana kuzviitira ropafadzo ripi zvaro. Akangozviita.

104 Zvino, zvino Eriya akati, "Enda unomubvunza, ndomureverera kuna mambo here? Ndiri shamwari yepedyo. Kana, mukuru wehondo, ndi—ndinozivana naye nepadyo. Pane

tsvete, kana chimwe chinhu chandinogona kumuitira, ndinoda kumupa chimwe chinhu nekuda kwezvaanga achindiitira. Aka—akandipa kudya. Akaita kuti ndirare pamibhedha. Uye—uye anga achitibata zvakanaka. Zvino ndingaitei?"

Mudzimai ndokuti, "Kwete, ndinongogara pakati pevanhu vangu. Taka—takapfuma. Isu tine upenyu hwakanaka, ndizvo zvega. Hapana chimwe chatinoda."

Zvino Gehazi ndokuti kwaari, "Asi mudzimai uyu haana vana."

105 Gehazi achingopedza kuzviona, pasina kupokana muporofita akaona chiratidzo, nekuti akati, "ZVANZI NAJEHOVHA. Enda unomuudza kuti, panguva yakafanira, nguva chaiyo, gore rimwe chete kubva zvino, achambundira mwanakomana."

106 Zvino mwanakomana akaberekwa. Ava nemakore angaita gumi nemaviri . . . Vaviri vachembera ava vaizoda kamukomana aka zvakadini, mwana wavo mumwe chete oga. Zvino rimwe zuva aiva kunze achicheka gorosi, nababa vake. Zuva raifanira kunge rorova nhongonya, ndinofungidzira kuti, akapiswa nezuva, nekuti akatanga kudaidzira achiti, "Musoro wangu." Akawedzera kurwara nokurwara. Baba vake vakatozomubuditsa mumunda, zvinhu zvaiva zvaminama, zvekuti akatumira muranda, ndokumutumira kumba.

107 Amai vake vakamutakura pamakumbo avo kusvikira masikati, ndokubva afa. Cherechedzai, mwanakomana wake mumwe ega, waakanga apihwa naIshe, kubudikidza nemunamato nevimbiso yemuporofita neZVANZI NAJEHOVHA. Mudzimai aiziva kuti pane chakanganisika pane imwe nzvimbo. Hazvaimboshanda. Mwari aigomupa sei mwanakomana iyeye orega rudo rwake—rwake rwuchiuya pamwana iyeye? Uye anga asina kumbomukumbira. Anga anyanya kuchembera kuti amubereke. Ruoko rwaMwari rwakatozozvireva. Munhu akazvitaura, muporofita. Zvino ipapo mwana uyu ari muchinhano ichi, afa, mwanakomana wake mumwe oga.

Saka akati kumuranda, "Ndigadzirire nyurusi, utasve, usamira. Kana munhu akaedza kukumisa, usareva shoko rimwe chete kwaari, zvino iwe tyaira wakananga kuGomo reKarmeri. Pamusoro ipapo mubako pane imwe nzvimbo, yakahwanda, pane muranda waMwari weKumusoro-soro; uyo akandiudza, ZVANZI NAJEHOVHA, ndichava nemwana. Ndinoda kuziva kuti sei Mwari vaita izvi." Saka akati . . . "End wakananga mberi usatarise nyurusi. Ngaringoramba richimhanya nezvose zviri mariri. Ngarimhanye kusvikira wasvikako." Kuperera!

108 Zvino Eriya muporofita akasimuka, ndokutarisa, akati, "Heunoi mudzimai uya weShunemi ouya, uye, iye, ane chisina kumira zvakanaka kwaari. Mwari haana kundiratidza

kuti chii. Handizive kuti chii chanetsa." Ndokuti, "Enda, unosangana naye. Ndine . . . Ngatikurumidzei. Pane chisina kumira zvakanaka."

Kuperera kwakapinda mumuporofita, kuperera pamudzimai. Honai, vaiuya kuzosangana; mumwe achida kuziva zvaiva Shoko raJehovha, mumwe asingazive kuti Shoko raJehovha raiva rekuti kudini. Hezvoka izvo. Mumwe aida kuzviziva, mumwe wacho aisazviziva. Mudzimai aida kuzviziva, asi muporofita aisazviziva. Akati, "Ishe haana kundiratidza. Handizive kuti ndomuudza kuti kudini kana asvika pano."

Saka akanga ava kutosvika ipapo. Iye akasimudza ruoko rwake, ndokuti, "Zvese zvakakunakira here? Zvese zvakanakira murume wako here? Zvese zvakanakira mwana here?"

109 Zvino, mudzimai akanga asvika kumagumo ekuperera kwake. Akati, "Zvose zvakanaka!" Girori! "Zvose zvakanaka!" Kuperera kwake kwakanga kwapera. Akanga awana muranda waJehovha. Dai akanga asipo, angadai achiri mukuperera. Asi, munoona, aivapo. Mudzimai akati, "Zvese zvakanaka!"

Erisha ndokufunga, "Ko, chii chavakuitika zvino?"

110 Saka mudzimai akamhanya ndokuwira patsoka dzake. Zvakaita sezvakati siyanei nezvamazuva ose, saka Gehazi akangomusimudza. Zvikanzi, "Musiye akadaro, usaita izvozvo." Eria akati kumuranda wake, "Usadaro. Musiye akadaro. Pane chisina kumira zvakanaka. Mwari ari kuchivanza kubva kwandiri." Zvino mudzimai akazomuzivisa kuti mwana akange afa.

111 Zvino, muporofita haana kuziva zvekuita. Akati, "Gehazi, tora tsvimbo iyi yandafamba nayo." Aiziva kuti chero chaaibata chairopafadzwa, nokuti aisava iye, aiva Mwari maari. Aiziva kuti aiva ani. Aiziva kuti aiva muporofita. Saka anonhonga tsvimbo iyi ndokuti, "Gehazi, iwe tora iyi, unoiradzika pamwana. Kana munhu akataura newe, iwe perera. Zvino hapana waunokwazisa, usatendera . . . Ingoramba uchienda mberi, usataura nemunhu. Uiise pamusoro pemwana."

112 Asi, mudzimai, hazvina kumisa kuperera kwake. Hazvina kugutsa zvaakanga avinga. Akati, "Kana Jehovha Mwari achirarama, ha—handisi kuzokusiyai kusvikira maenda kunoshumira kumwana wangu."

113 Zvino Eria akasvika pakuperera. Saka hoyo akaenda, achidzika nenzira, iye nemudzimai. Uye pavakasvikako, ivo . . . vanhu vose vaiva muchivanze, vachidanidzira nekuchema. Zvino mudzimai uyu akanga aita chinhu chakanyatsofanira chaigona kuitwa. Akatora mwana akamuradzika pamubhedha wakanga wamborarirwa naEria. Zvakanga zvakangofanana netsvimbo yake. Asi haana kumuka kubvapo, saka hazvaishanda. Mudzimai aida kuziva chimwe chakasiyana.

114 Muporofita akapinda. Zvino asvika pakuperera. Zvino ari kuzoitei? Zvino tinoona muBhaibheri kuti akafamba achikwidza nekudzika, akaperera. "Handizive chimwezve chekuita, Ishe. Hepano pandiri. Makandiudza kuti nditaure kumudzimai uyu, ZVANZI NAJEHOVHA. Uye zvikaitika chaizvo sezvandakamuudza, nokuti Makandiudza. Zvino, heunoi apinda mudambudziko, handizive zvekuita. Hepanoi parere chitunha chemukomana. Chii chandingaite, Ishe?"

115 Pasina kupokana Mweya Mutsvene wakati, "Kana Mwari ari mauri, chizviradzika pamusoro pemwana." Chekutanga munoziva, akamira, ndokumhanya kunoisa maoko ake pamusoro peemwana, mhino yake pane yemwana, miromo yake pamusoro peyemwana. Zvino paakazviradzika pamusoro pake, mwana akahetsura kanomwe. Kuperera kwakange kwapera.

Mwana akamuka kuupenyu, nekuti kuperera kwakaendesa mudzimai kumuporofita, uye kuperera kukaendesa muporofita kune mwana. Zvino kuperera mavari vose vari vaviri kwakaunza Mwari panzvimbo. Nerudo rwaMwari, nerudo kuvanhu vake, zvakadzikisa rudo rwaMwari pasi, ndokukandira kutenda pamberi pehondo, zvino basa rikaitwa. Nyaya yapera. Ameni! Ndizvozvo. Kuperera kunozviita. Zvirokwazvo! Mudzimai anga asiri kuzobvapo.

116 Bhartimeo bofu akafunga kuti Jesu aizomupfuura, akagara kunze uko pasuwo, bofu rinopemha, kukumbira betsero yezvipo. Chekutanga munoziva, akanzwa ruzha; Jesu akanga achipfuura nepo. Akati, "Ndiani ari kupfuura?" Mumwe munhu akamusandudzirira pasi. Akati, "Ndapota, mumwe munhu, ndianiko ari kupfuura?"

Mumwe wavo, pamwe, zvichida mukadzi mudiki ane tsitsi aiva mudzidzi, akataura kwaari, akati, "Changamire, hamumuzive here uyo ari kupfuura?"

"Kwete. Ndinonzwa vamwe vavo vachiti, 'Kune makuva akazara nevanhu vakafa kumusoro kuno. Kana uchimutsa vakafa, enda unovamutsa.' Mushoropodzi anomhura here kanawo mumwe munhu?"

"Kwete. Wakambonzwa here nezveMuporofita uya weGarirea, Muporofita mudiki uya anonzi Jesu weNazareta?"

"Kwete."

"Zvakanaka, unoziva, muBhaibheri rinotaura muzvinyorwa zvedu kuti Mwanakomana waDhavhidha achasimudzwa kuzogara pachiri. Ndiye Wacho."

"Ndiye wacho here? Ndiye wacho here, uye Ari kupfuura?"

Kuperera kwakamuita kuti adanidzire, "O Jesu, Mwanakomana waDhavhidha, ndinzwirewo tsitsi!"

Musandipfuura, O Muponesi munyoro,
Inzwai kuchema kwangu kwakaninipa;
PaMuri kudana panavamwe,
Musandipfuura.

"O Jesu!"

Vamwe vavo vakati, "Nyarara! Uri kuita ruzha rwakawandisa."

117 Asi akanga aperera. Kana Akapfuura, pamwe aisazombowana mumwezve mukana. Nesuwo tinogona kusauwana; uno unogona kuva usiku hwekupedzisira. Kuperera! Akadanidzira, "O Jesu!" Zvisinei kuti ndiani amuudza kuti amire, akangoramba achidanidzira zvakadaro, achitowedzera kudanidzira. Pavakamuudza kuti anyarare, zvakaita kuti awedzere kudanidzira. Aiva akaperera. Hapana aigona kumumisa. "Iwe Mwanakomana waDhavhidha, ndinzwireiwo ngoni!" Zino akadanidzira mukuperera.

118 Zvino Mwanakomana waMwari, aine zvivi zvenyika pamapendekete ake, achienda kuJerusarema kuti azopiriswa, ipapo, sechibairo chenyika, Akamira kufamba. Kuperera, kuchema kwekumanikidzwa, kwakamisa Mwanakomana waMwari. Akati, "Ungada kuti Ndikuitirei?" Oh!

Akati, "Ishe, kuti meso angu azarurwe."

Ndokuti, "Enda nenzira yako, kutenda kwako kwakuponesa."

Zvaiva zvakakwana. Kuperera! Kana kuperera kuri kugamuchira chimwe chinhu, kakungogumha kari nechekure, kutenda kunokochekera pakuri. Maona? Haana kuti, "Zvino mira kweminiti, mira kweminiti, chimbomira ipapo kweminiti, rega ndione kana ndava kuona zvino. Handina kumbobvira ndaona maoko angu, kwemakore mazhinji. Regai tione kana ndichigona kurwuona. Hapana chandati ndaona." Jesu paakati, "Kutenda kwako kwakuponesa," zvanga zvakakwana. Ndizvo zvega zvaaida.

119 Kuperera kunodanira nyaya yacho, zvino nyaya yacho, zvisinei kuti idiki sei, inogamuchirwa, yotendwa pakarepo, nokuti kutenda kunobata kana kuchisundwa nekuperera. Maona? Rudo imomo rwunozvivhenganisa nazvo nekuzviunza ikoko. Kuperera kunozviita.

Bhartimeo bofu akabata chiratidzo nekukurumidza.

120 Petro, akanga amanikidzika, umwe usiku pagungwa, paakapinda pakuperera. Akatanga kudanidzira achichema, "Pane chinhu chakatsveyama. Ndinoona mweya uchiuya, uchifamba uchiuya kwandiri!" Chikepe chakanga choda kunyura. Iye akati, "Kana muri iMi, Ishe, ndirairei ndiuye kwaMuri pamvura." Ndokubva abuda muchikepe akatanga kufamba; zvino akavhunduka paakafamba, zvino ndokutanga

kunyn'ura, uye kuperera . . . Kunyange kukanganisa, mukuyedza kutevedza mirairo yaMwari, . . . Ndinovimba kuti chechi inozvibata. Murume uyu aiita zvaakanga anzi naMwari aite.

121 Zvino, iwe Mukristu manheru ano, uri pamungava wako webasa, uchiyedza kutevera kutungamira kweMweya Mutsvene; kenza yakakubata, kana ru—rufu rwakakubata, kenza, T.B., chero zvachiri. Uri pamungava webasa, une kodzero imwe chete Petro yaaive nayo.

"Ishe, ndiponesei, kana kuti ndichaparara." Mukuperera akadanidzira, ruoko rwukatambanuka ndokumusimudza. Une chinhu chimwe chetecho. Asi akadanidzira, "Ndiponesei, Ishe!"

> Akanzwa kuchema kwangu kwekupererwa,
> Kubva mumvura ndokundisimudza, zvino ndaponeswa. Maona?

122 Ndizvozvo, paunodanidzira!

123 Zvichida mudzimai uyu, amai, chero zvaaiva kwaari, mwanakomana mudiki, kana muzukuru, kana chizukuru, chero zvaaiva, akadanidzira mukupererwa. Mwari akanzwa.

124 Zvino tinoona kuti, mukunyn'ura, Mwari akamunzwa. Ari pamungava webasa, akatanga kunyn'ura. Akakundika. Kunyange ukakundika, hazvinei nechekuita nazvo. Tose tinokundika. Tiri vakundiki, kubvira pamavambo. Asi tine Mumwe akamira zvino neruoko rwakasimba, Anogona kutisvikira nekutiendesa pamusoro pemvura.

125 Kana wakakanganisa, mumwe mudzimai wakakanganisa, mumwe murume wakakanganisa, mumwe mukomana kana musikana wakakanganisa; usanyn'ura. Danidzira, wakaperera, "Ishe, ndiponesei, kana kuti ndoparara!" Pinda pakuperera pamusoro pazvo. Mwari achakunzwa. Anogara achinzwa mweya wakaperera. Ndizvo zvandiri kuedza kukuudzai pamusoro pazvo.

126 Ishe wedu Jesu anodikanwa, pachaKe, ari munhandare yehondo hurusa panyika, Getsemani, Akachema achidanidzira, amanikidzwa. Otora here zvivi zvenyika, kana kuti Angogara zvake panyika nevadzidzi vaKe vanodikanwa, zvaAida kuita? Asi tarisai kuzvininipisa kwaKe paAkazvininipisa, "Kwete kuda kwaNgu asi kweNyu kuitwe," akazvininipisa kuShoko, Shoko rakavimbiswa raMwari weKudenga.

Cherechedzai, zvadaro, Akaenda mberi zvishoma. Zvino kana Akaenda mberi zvishoma, ko isu tinofanira kuwedzera kuenda mberi zvakadini. Maona? Zvino cherechedzai, Gwaro rinoti pano, muna Ruka, akanamata akaperera. Hama, hanzvadzi, kana Jesu aifanira kunamata akaperera, ko kuzoti isu tinofanira kunamata takaperera zvakapfuurira zvakadini. Kana Kristu, Mwari weDenga, akaitwa nyama, akatonamata zvakaperera, ko zvinowo isu tinofanira kupfuurira

ipapo zvakadini, vatadzi vakaponeswa nenyasha, kunamata takaperera! Kana—kana sarudzo yakaisa Mwanakomana waMwari pakumanikidzwa, ichaitei kwauri neni? Tinofanira kuchema takaperera.

127 Mwari, mumazuva ano ekupedzisira, azviratidza pachaKe saizozvo kwatiri, nezviratidzo zvaKe zvikuru nesimba, zvinofanira kutiita kuti tiperere. Ndizvozvo chaizvo. Uye kuda kwaKe kutipodza nekutiponesa, kunofanira kutipinza mukuperera kuti tisvike kuDombo riya rekupodzwa. Ndizvozvo.

128 Tarirai, kana Florence Nightingale . . . Muzukuru-zukuru waFlorence Nightingale akavamba Red Cross. Makaona mufananidzo wake mubhuku, achirema mapaundi anenge makumi matatu. Kenza yakanga yamudya. KuLondon, England; vakamuunza kubva kuAfrica, kuLondon, England. Zvino ipapo mukumanikidzwa . . . Hama Bosworth vakamupindura netsamba ndokumuudza, vakati, "Hatigone kuuya kuAfrica."

129 Akapindura achiti, mukoti ndiye akanyora akati, "Handigone kufambiswa. Handigone kuzviita."

Ndokuratidza mufananidzo wacho. Makaona mufananidzo. Kungoti takazoisa kanhu kadiki pauri. Waingori nekashinda kadiki kakamoneredza. Ndakafunga kuti mumwe munhu, tikauisa mubhuku, aizoshoropodza nekuti mudzimai . . . mutumbi wake wanga wakanyanya kushama ipapo, zvekuti . . . takaisa kanhu kadiki paari pano. Aingova ne—nekachira, tauro, muchiuno chake. Asi kumusoro, kwaisava nechinhu. Zvino kunyange . . . Asi takafunga kuti taizoisa kapepa paari tozotora mufananidzo . . . tozoutora mufananidzo. Zvinoita kuti vanhu vasina pfungwa dzisina kugadzikana zvakanaka pamafungiro avo, vasazonditsoropodza nekuisa mufananidzo iwoyo mupepa.

130 Zvino chiremba paakati haakwanise kufambiswa, iye akaziva kuti ndanga ndiri kuzoshanya kuEngland, akavaita kuti vamuise panhowo, ndokumukwidza ndege, nekumuunza kuLondon, England, ndokutumira mutariri kundege ikoko ndisati ndaenda kuBuckingham Palace, vakatumira mutariri ikoko kuti ndiuye kuzomunamatira. Zvino mudzimai akanga arwara zvakaipisisa kusvikira akanga asisagone kunyange kutaura neni. Vakatosimudza ruoko rwake kuti varwuise mune rwangu.

131 Munoziva zvakaita London, vamwe venyu masoja makamboendako. Kunogara kuine mhute. Saka ndakapfugama ipapo parutivi rwehwindo, zvino iye . . .

Misodzi yaiyerera. Aida ku . . . Handitomboziva kuti akakwanisa sei kuwana hunyoro hwekuti misodzi ibude. Aingova mabhonzo chete, akafukidzwa neganda; uye makumbo ake—ake pahudyu anga asingapfuuri, zvaitaridzika kwandiri, semainchi maviri pakupamhama, kana matatu. Tsinga dzake

dzaiva dzakawira mukati. Kuti airarama sei, handizive. Muchaona mufananidzo wake gare-gare.

132 Ndakapfugama parutivi rwemubhedha. Zvino, akanga aperera; zvisinei kuti ndaigona kuuya kana kwete, vari kuzomuunza, zvakadaro. Ndakasvika zasi ikoko, moyo wangu waishushikana zvikuru mukati mangu, nokuda kwekutenda kwechisikwa ichi chidiki, chinonzwisa urombo, chaifa, ndikanamata nemoyo wangu wese wandaiva nawo. Zvino pandakatanga kunamata, njiva diki yakauya, ikamhara pahwindo, ndokutanga kufamba ichikwidza nekudzika, ichichema. Ndakafunga kuti yaiva chipfuyo. Ndanga ndangova muEngland kuda kwe awa imwe chete, ndichingobva kunhandare yendege zasi ikoko. Zvino ndakafunga kuti yaichengetwa navanhu vepo. Zvino pandakasimuka, ndikati, "Ameni," yakabhururuka kuenda.

Ndakatanga kubvunza hama, kuti vanzwa njiva iya here. Zvino ivo vakanga vachitaura pamusoro payo, zvino pandakatanga kuti, "Maona here, zvinoreva njiva iya . . ." Kukabuda, "ZVANZI NAJEHOVHA, uchararama uye hauzofa."

Ari kurarama nhasi uno. Sei? Kuperera. Kuperera kwakaita kuti mudzimai atore sarudzo, kurarama kana kufa. Kuperera kwakazvironga kuti akasvika ikoko nguva imwe chete yandakasvika. Uye chiratidzo kubva kuna Mwari, Akatumira njiva, kuti ape ZVANZI NAJEHOVHA. Kuperera!

133 Paya hanzvadzi, Hattie Waldorop vekuPhoenix, Arizona, aiuya achifamba nenzira duku, kumusangano wangu wekutanga. Mukoti nemurume wake vaivaunza; kenza yemumoyo. Akatora sarudzo yake, pakuedza kuuya kumusangano ikoko, asi akanga aipisisa . . . asisagone kufema zvakare, ropa rakanga richideuka nemumoyo wavo kwakanga kwadyiwa nekenza. Zvino, kenza yemoyo! Angava makore gumi nemasere, gumi nemapfumbamwe apfuura, zvichida makumi maviri, 1947 ndipo pazvakaitika.

134 Zvino, iye akati kumurume wake nemutariri, "Zvikaitika kuti ndafira mumutsara uno, nditakurei kuenda kumusoro uko." Kuperera. Akafenda. Handifunge kuti akanga afa; iye anoti akanga afa. Zvino, anogona kunge akadaro. Anogona kunzwa tepi ino, munoona. Zvino ini—ini—ini . . . Iye, anoti akanga afa; handizive. Vakandiudza kuti, "Pane mudzimai afa ari kuuya mumutsara." Zvino mudzimai uyu paakauya, anga asina hupenyu. Zvino pavakamuunza kumusoro ikoko, Shoko raMwari rakauya; ndikaenda kunoisa maoko angu paari, iye akamuka akaenda kumba, achifamba. Aya ava makore angaita, ndingati, kwazvo, gumi nemasere apfuura, uye angori mutano anofara . . . Anenge ari kuTucson kuzosangana neni pandinoenda zasi ikoko. Kuperera, "Kunyange ndikafira

munzira, zvakadaro, asi ndiendesei zasi ikoko. Akapodza vamwe, Achandipodza." Kuzvipira!

135 Moyo yedu ngaizadzwe nerudo muzuva rino, nokurevesa, mukuperera. Mushure mechinguva kunogona kunge pasisina nguva.

136 Jairosi imwe nguva aiva nemwanasikana muduku akanga ava kufa. Aiva mutendi wepakati nepakati. Aitenda Jesu, asi aitya kuzvitaura, nekuti vaizomudzinga musinagoge. Asi chiremba akauya mamwe mangwanani, akati, "Ava kufa zvino." Kuperera kwakapinda. Aisakwanisa, sechinzvimbo chake, kuti awanikwe aina Jesu weNazareta, nokuti aizorasikirwa nechinzvimbo chake semuprisita.

Asi ndinokuudzai, pakauya kumanikidzwa, zvakamuisa pakuperera. Ndinomuona achitsvaga kabhachi kake kehufundisi nenguwani, ndokuripfeka. Hepanoi anouya achidzika muchaunga, achisundidzira kwese; paiva nemudzimai anga achangobata nhumbi yaKe, nezvakadaro, zvino vose vainge vachidanidzira. Asi iye akapinda akati, "Tenzi, mwanasikana wangu mudiki arere panhowo yerufu. Tenzi, Tenzi, mwanasikana wangu arere panhowo yerufu, zvino kana Mukangouya kuzoisa maoko enyu paari, achararama." Oh, ini zvangu! Kuperera kunokuitisa kuti utaure zvinhu dzimwe nguva, nokukuitisa kuti uite zvinhu. Zvinokukwanyanutsa. Mwanasikana wake akaponeswa nekuperera.

137 Ngatipererei, semudzimai mudiki uya wechirwere cheropa. Bhaibheri rakati akanga ashandisa mari yake yese, kune vanachiremba, asi zvakadaro vakatadza kumubatsira. Akanga atanga munguva yekuguma kubereka, kurasikirwa, ropa richibuda, uye haraisamira. Zvichida vakanga vatengesa purazi, manyurusi, mabhiza, nezvose zvazvaiva; asi hapana chaigona kumubatsira. Zvino vaprisita wavo vakanga vamuudza kuti asamboenda kune zvakadaro. Asi mamwe mangwanani akatarisa pasi. Aigara pamusoro pamahombekombe, pamusoro paiva nepurazi rake, ndokuona mhomho yevanhu vakaunganira mumwe Murume zasi ikoko, ivo vakati, "Chii ichocho?"

Akati, "NdiJesu weNazareta." Kuperera kwakapinda.

Mudzimai akati, "Ndinoita sekuti handionekeri. Ini—ini . . . Asi ndikangokwanisa kubata mupendero wehanzu yaKe, ndichapodzwa." Zvino akapfuura mushoropodzi wese nezvimwe zvose. Asi akasvika panzvimbo, yaakabata mupendero wehanzu yake, mukuperera.

Saka paAkadaro, Akatendeuka akati, "Ndiani aNdibata?" Vose vakazviramba. Asi akatarisa-tarisa kwese. Ainge akazodzwa nechipo chikuru chaMwari. Aiva Mwari; zvino Akawana mukadzi mudiki uyu ndokumuudza kuti dambudziko rake reropa rakange rapera. Kuperera kwakamuita kuti adaro.

138 Kwaiva kuperera kwakaunza—unza mambokadzi weZasi. Akanzwa kuti chipo chaMwari change chichishanda nemunaSoromoni. Kuperera kwakaita kuti aite izvozvo.

139 Mukuperera! Vaiva vanhu, sewe, seni. Hapana chavainge vakasiyana newe neni. Vaiva nepfungwa shanu. Vanodya, vanonwa, nezvimwe zvakadaro, sezvatinoita, kurarama nekufa. Vaiva vanhuwo.

140 Zvakamupinza pakuperera zvekuti akatora chikamu chehumambo hwake. Zvakamuisa pekuti haana kumbofunga nezvevaIshmaeri vaizomubira mugwenga, iye mazuva makumi mapfumbamwe akatasva ngamera achiyambuka Sahara Desert. Kuperera! Ari kuenda, zvakadaro. Zvino paakasvika ikoko, hapana chakavanzwa kuna Soromoni asi akamuudza zvose zvaaida kuziva. Kuperera! Jesu akati, "Achasimuka paZuva reKutongwa, nechizvarwa chino, ochipa mhosva, nokuti mukuru kuna Soromoni aiva pano." Kuperera!

141 Mukuvhara ndinogona kutaura izvi. Nguva pfupi yapfuura, zasi kuMexico, ndakaona chimwe chinhu chakaperera. Ndakangosvika papuratifomu, imo munhandare huru, uye vanhu vanga varimo kubvira nguva dza nine o'clock mangwanani iwayo, zvino dzakanga dzoda kusvika ten o'clock usiku ihwohwo. Imwe harahwa bofu, nezuro wacho, anga ari bofu kwemakore angaita makumi matatu, akagamuchira kuona kwake, akatenderera guta zuva iroro, achipupura. Murwi wemachira, wakareba kwemayadhi angaita makumi matatu, makumi mana, kukwidza *kudai*, angori mashauro akare. Paiva nevanhu vangasvika zviuru makumi mana, kana mashanu ipapo. Nenguwani dzakare nemashauro, kuti zvaiva zvaani, ndinofungidzira kuti vaitozotaurirana pakati pavo. Kwainaya mvura zhinji.

142 Vakandidzikisa netambo, nepamusoro pemadziro, ndokubva ndaenda papuratifomu. Mushumiri . . . Murume agere pano, vakamuunza . . . Iye nemwanasikana wake vabva kuMichigan maminitsi mashoma apfuura, vataura nezvaHama Arment. Tinovarangarira pano. Vari panzira dzeKubwinya manheru ano. Hama Arment vaivako, ndokubvisa bhachi ravo, ndokumira mumvura yainaya, ndokuripa kuna Hama Jack Moore kuti vapfeke, nokuti Jack akanga ari kudedera. MuSoutherner akanga ava kuoma nechando mumvura inotonhora yainaya ikoko kuMexico. Zvino heuno anga amire ipapo.

143 Zvino Billy Paul akauya kwandiri, mwanakomana wangu, akati, "Baba, muchatofanira kuita chimwe chinhu. Pane mudzimai weChimexico zasi uko ane mwana afa mangwanani ano. Handina maasha akakwana kuti vamumise kunze kwemutsara." Kana kuisa maoko pamusoro kwakapa murume uya bofu kuona kwake, kuisa maoko pamusoro pemwana wake

akafa kwaizomupa upenyu hwake. Aiva Mukatorike. Zvino, iye, vakatadza kumudzivisa.

Saka Hama Espinoza nevamwe vakanga vamuudza kuti, "Hatisisina makadhi ekunamatirwa. Unotofanira kumirira umwe usiku."

144 Mudzimai ndokuti, "Mwana wangu afa. Chitunha kubvira mangwanani. Ndinofanira kupinda imomo." Zvino akanga achiuya, zvisinei nekuti kadhi rekunamatirwa riripo kana kuti haripo. Saka vakaisa maasha angaita mazana matatu ipapo. Zvino aipinda nepakati pemakumbo avo, osvetuka nekuseri kwemisana yavo, omhanya nemwana uyu akafa, nekudonha pakati pavo. Hazvina kumboita musiyano kwaari; aiyedza kusvika ikoko. Anga akaperera. Mwari akanga ataura nemoyo wake, kuti, "Mwari akagona kuvhura meso, anogona kupa upenyu." Oh, ini zvangu! Aiva akaperera. Chimwe chinu chaitsva mumoyo wake.

145 Oh, vanhu vari kurwara, dai maingoita kuti zvipise mamuri kwemaminitsi mashoma, muone zvinoitika, kuperera kwemhando iyoyo. Mwari vakagona kupodza kamukomana aka umwe usiku huya, akagona kupodza mudzimai uya aiva nekenza, kupodza murume uyu, nekuita izvi, Muzvare Florence Nightingale, o, makumi ezviuru! Iye, izvo, zvinobatika zviri pachena izvozvo; kumutsa vakafa, nokupodza varwere, nezvimwe zvese. Kana iYe ari Mwari, anogona kuzviita; Ndiye Mwari nezuro, Ndiye Mwari nhasi. Perera, zvino uchaitirwa chimwe chinhu.

146 Zvadaro, mukuperera ikoko, akaramba achimhanya. Ndakataura kuna Hama Jack Moore, ndikati, "Haandizive. Haasati ambondiona. Haazive kuti ndiani ari kuno papuratifomu. Mudzimai mudiki uya weChikatorike, zvino, aisagona kutaura kana shoko rimwe chete zvaro reChirungu, saka zvino angaziva sei kuti ndiani?" Ndikati, "Endai, munonamatira mwana, zvichamugutsa, uye achaenda." Ndikati, "Zvino hazvikonzere. . . ." Kwaingova neruzha rusingaperi zasi ikoko. Aisvetuka mudenga, munhu wose ainge achidanidzira. Aimhanya nepamapendekete avo chaiwo, owira pasi pakati pavo. Aiswedera pedyo nemafiti mashoma, zvino voedza kumudzosera shure kunze; zvino aiuya nepakati pemakumbo avo, akabata mwana uyu, achivhiringidza maasha nezvimwe zvese. Hazvina kumboita musiyano, aikwira kumusoro ikoko. Aifanira kusvika ikoko! Hazvina musiyano zvazvaiva, akanga ari kuzonosvikako. Akaita kuti mushumiri. . .

147 Zvino haisingori here nyaya seyemudzimai weShunemi? Kungoti, zvaisava makore zviuru zvitatu nemazana mashanu apfuura. Asi makore angaita matatu apfuura, kana mana. Maona?

Panogona kuitika zvimwe chetezvo manheru ano. Kana kuperera kumwe chete kukasimuka, zvinokandira rudo nekutenda pamberi pehondo, kuzotora zvaunoda, nekuti ivimbiso yaMwari yekuti unogona kuzviwana. Ndizvo chaizvo.

148 Ndakatendeuka; ini, mushumiri, kana muvhangeri panzvimbo iyoyo. Ndakatendeuka. Ndakanzwira mukadzi uyu urombo, asi paisava nekuperera. Maona? Ndakatendeuka ndokufunga, "Zvakanaka, Hama Jack vachamunamatira, zvino izvo—izvo zvinobva zvaringana." Ndakatenderera. Ndikati, "Pandanga ndichitaura zvino, kutenda . . . "

Ndakatarisa kunze uko, zvino kukava nechiratidzo. Ndakaona kamwana kakagara ipapo, kamwana kekuMexico kane chiso chitema, kasina mazino. Kanga kachindisekerera, kagere kunze uko. Ndikati, "Mirai zvishoma. Mirai zvishoma." Kuperera kwake kwakaita kuti Mweya Mutsvene ushandure nhaurwa yangu, ndokushandura meso angu kuti aone mwana wake agere ipapo. Zvakaita kuti Mweya udzoke. Ndikati, "Mirai zvishoma. Mirai zvishoma. Ndiunzirei mwana wacho."

Heunoi akauya nekagumbeze, kanyoro, kakany'ata, keruvara rweblue neruchena, kachitunha kadiki, kakareba *zvakadai*. Akawira pasi, nemuchinjikwa muruoko rwake, kana kuti rusariro, kuti azoreva zvaana "kaziwa Maria." Ndakamuudza, "Rwubvise, harwuna basa."

Zvino akaswedera pedyo nepandaiva, ndokudanidzira nekushevedzera, "Padre," zvinoreva kuti, "Baba."

Ndakati, "Usataura izvozvo. Usataura izvozvo. Unotenda here?" Ndokuzvitaura muchiSpanish kwaari, kuti aitenda here.

"Hongu," aitenda. Akamubvunza kuti aitenda sei. Akati, "Kana Mwari akapa harahwa iya meso ayo, anogona kupa mwana wangu upenyu." Amen. Kuperera kwakamuisa ipapo. Hapana kana chandakaita ini; Ndakangoona chiratidzo.

Ndakati, "Ishe Jesu, ndaona chiratidzo chemwana mucheche, anogona kunge ari uyu."

Panguva iyoyo akakava netsoka dzake, ndokuti, "Wha! Wha! Wha!"

Ndikati, "Muteverei kuenda kwachiremba. Pihwai runy-. . . tsamba yakanyorwa nachiremba, 'Mwana uyu anga afa.'" Zvino chiremba akanyora tsamba, "Kufema kwemwana uyu, moyo wanyarara mangwanani ano, muhofisi yangu nenguva dzanine o'clock, afa nemabayo akapetwa." Oh, mwana wacho ari kurarama kuMexico manheru ano, sekuziva kwangu. Sei? Kuperera kwakapinda mumoyo waamai vadiki, vachichemera mwana wavo, zvavakanga vaona Mwari achiita . . . kupodza meso ebofu, ndokuziva kuti Aigona kumutsa mwana akafa.

149 Kuperera! "Kana mukaNditsvaga nemoyo wenyu wese, zvino Ndichakunzwai." Maona?

150 Humambo! "Murairo nevaporofita zvakanga zviripo kusvikira panaJohane. Kubva panguva iyo, Ushe hweDenga hunoparidzwa, mumwe nomumwe anopinda maHuri nechisimba". Haungomirizike woti, "Ndisimudzei nekora, Ishe, ndisandudzirei mukati." Unopinda maUri nechisimba. Unosvika pakuperera, pakati peUpenyu nerufu.

151 Ndinoshuva kuti dai ndaiva nenguva yeimwe nyaya, yandanga ndichifunga iye zvino, yemukadzi, musikana, akatora nzira isiyo, uye kuti akazotendeuka sei, kusvikira ndakati, "Hanzvadzi . . . "

Akasimuka akati, "Ndi—ndinotenda kuti ndichaita zvakanaka."

Ndikati, "Kwete, kwete! Ramba uri ipapo."

Uye zvadaro, chekutanga munoziva, akatanga kunamata zvishoma, ndokuchitanga kuwedzera kudanidzira. Mushure mechinguva akasvika pakuperera, akati, "O Mwari, ndiponesei!"

152 Alcohol Synonymous yakatadza kuzvipodza. Hapana chimwe chaigona kuzviita. Asi maziso makuru, matema aya akanditarisa, misodzi ichidonha kubva pamatama ake; akati, "Chimwe chinhu chaitika." Oh, yaah! Hongu, changamire! Chimwe chinhu chakaitika. Akaperera.

153 Ngatipererei pane izvi; pakati peUpenyu nerufu.

154 Kana usingagoni kuperera, usauya nepano. Kana wakaperera, uya pano utarise, u—uchachiwana paunongosvika pano.

155 Ngatinamatei. Mukuperera tarisira Ushe hwaMwari, Uchauya pauri.

156 Baba vedu veKudenga, ndinoKukumbirai muZita raJesu, tinzwirei ngoni, Ishe. Uye mutsai kuperera matiri. O Ishe Mwari, tinzwirei ngoni, ndinonamata, uye dai vanhu vaKutsvagai manheru ano nemoyo yakaperera. Tinoziva kuti Muri pano, Ishe. Muri mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

157 Uye zvino dai vanhu ava vane Chiratidzo, chekuti vapfuura kubva murufu kuUpenyu, vashanduka kubva kuupenyu hwakare wenyika kune hutsva. Vadaro. Ropa raiswa; zvino, Mwari, vavapa mucherechedzo weChiratidzo. Dai vatora Chiratidzo ichocho mumaoko avo, vari kurwara, voti, "Ndiri icho chakatengwa naMwari. Ndiri munaKristu, uye maAri hamuna urwere. Ndiri munaKristu, uye maAri hamuna chivi. Ndiri munaKristu, uye maAri hamuna kusatenda. Ndinoramba zvose zvandakaudzwa nadhiyabhorosi. Ndinotora Chiratidzo changu icho . . . 'Akakuvadzirwa kudarika kwangu; Akarwadziwa nekuda kwezvakaipa zvangu; kurohwa kwakaunza rugare kwaiva pamusoro paKe; nemavanga aKe ndakaporeswa.' Uye zvino ndakabata Chiratidzo, chekuti

Mwari vandicherechedza, nechikonzero, Munhu, ndakatengwa neRopa raIshe Jesu. Zvino ndakabata Chiratidzo chekufa kwaKe mumaoko angu, nokuti Akamuka zvakare, uye ndiri waKe naiYe ndewangu. Ndinoenda nekutenda kwakashinga, kuti kubva pausiku huno zvichienda mberi, ndinotenda Mwari, uye ndichapodzwa pandichasvikako nekuita zvinodikanwa."

Nokuti, Mashoko ekupedzisira akabva paMiromo yaKe, aiva aya, "Kana vakaisa maoko pamusoro pevanorwara, vachapora." Zvitenderei, Ishe. Dai kuperera kwapinda, nokuti ndinozvikumbira muZita raJesu. Amen.

Ndinogona, ndichadaro, ndinotenda;
Ndinogona, ndichadaro, ndinotenda;
Ndinogona, ndichadaro, ndinotenda
Kuti Jesu andipodza zvino.

Oh, Ndinogona, ndichadaro, ndinotenda;
Ndinogona, ndichadaro, ndinotenda;

Chingofunga kuti, "Ndatsunga moyo!"

Ndinogona, ndichadaro, ndinotenda
Kuti Jesu anondipodza zvino.

158 Munozvitenda here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] "Ndatsunga moyo! Ndatsunga moyo, nenyasha dzaMwari, handisi kuzomira kusvikira icho Chinhu chiya chandirova. Zvino ndave kuenda kumusoro uko kundoiswa maoko pamusoro pangu."

Zvino, Mwari haasati ambotikundika. Uye ndinotenda kuti Murapi mukuru ave pedyo zvino. Ndinotenda kuti Mwari akanyora Shoko, ndinotenda kuti Mwari akaita chipiriso, ndinotenda Chiratidzo chaMwari chinotichenesa kubva kuchivi manheru ano, Chiratidzo, Upenyu hwaKe pachaKe, ari pano nesu. "Ndichange ndinemi, kusvika kumagumo enyika. Muchinguvana nyika haingaNdioni, asi imi muchaNdiona, nokuti Ndichange ndinemi, kunyange mamuri, kusvika kumagumo enyika." Munozvitenda here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ndiri kuvimba maAri. Ndinotenda kuti Achazviita. Hamudaro here? ["Ameni."]

159 Zvino, pandinongotanga izvozvo, ndinoona zviratidzo zvichiuya, ameni, zviratidzo zvikuru zvaShe, zvichitaura zvinhu zvikuru. Ameni! Kana ndikatanga izvozvo, tichazova pano usiku hwese. Muchazvitenda here? Munotenda here? Amen! Ndinozvitenda nemoyo wangu wese.

160 Mudzimai mudiki akagara uko kuna Hama Palmer, handimuzive. Anobva kuGeorgia, ari kunetseka nedambudziko rechidzimai. Kana akatenda kuti Mwari achamupodza, Achazviita. Handisati ndamboona mudzimai uyu muupenyu hwangu, asi ndiro dambudziko raainaro.

161 Mudzimai mudiki iyeye, handizive kana akambonzwa Mharidzo, kana kwete, asi pandanga ndichiparidza pano, ndamuona. Ingozvitenda uone kana zviri izvo. Ameni. Kana ukangotenda chete! Ndizvozvo.

162 Mudzimai akagara kumashure kuno ane dambudziko remusana, ari kutambudzika zvikuru, zita rake ndiMai Wisdom. Kana ukatenda nemoyo wako wose, Jesu Kristu achakupodza. Handisati ndamboona mudzimai uyu muupenyu hwangu, asi akagara ipapo, achitambudzika. Akapfeka dhirezi reyellow. Ndizvo here? Zvakanaka. Hatizivane here? Hongu. Zvakanaka, changamire. Enda kumba, upore. Jesu Kristu akupodza. Ameni.

163 Mumwe mudzimai achangozvibata, dambudziko remusana, akagara nechepano apa. Ane dambudziko remusana. Ane mukomana, uye ane dambudziko remusoro. Uh-huh. Ndizvozvo. Mai Parker ndiro zita rake. Watenda nemoyo wako wose, zvino Jesu Kristu achakupodzai muri vaviri. Ameni! Muri vaenzi kwandiri. Ndizvo chaizvo. Ameni! Tenda nemoyo wako wese.

164 Hepanoi pane murume wechikuru akagara kumashure kuno anobva kuMichigan. Ane dambudziko munzeve dzake. Oh, anofungidzira manzwi, dambudziko rezvemweya. Ndizvo here? Uri kutenda kuti—kuti. . .Hauzive kana ari Mwari, kana kuti chii chiri kutaura newe. Unonzwa ruzha munzeve dzako. Ndiri mutsva kwauri zvachose. Kana zvirizvo, simudza maoko ako, uye ndizvo zviri kuitika. Hazvichazokunetsa zvakare, Jesu Kristu akupodza.

Munotenda Murapi mukuru here? [Ungano inopembera yoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

165 Ndingadai ndataura newe, asi, unobva kuNorway, zvino haunzwisise; Mutauro wekuNorway. Uh-huh. Zvakanaka, muudzei kuti aende kumba, achitenda, hanzvadzi, kana muchigona kuutaura. Muudzei kuti dambudziko rake remusoro richamusiya. Zvino, munoziva kuti handimuzive. Auya kuno kubva kuNorway, kuti azonamatirwa. Dzokera, wava munhu apora. Ameni.

166 Oh! “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi!” Chii? IShongwe yeMoto iya. Mweya Mutsvene. Chiratidzo, chekuti Jesu Kristu anorarama. Zvino vanhu, kare, pavaiMuona achiita zvinhu izvozvo, Aiziva pfungwa dzavo nekuti Aiva Shoko. “Zvino Shoko rinopinza kupfuura munondo unocheka kwose, uye munzveri wemifungo nendangariro dzemoyo.” Ameni.

167 Ndaona mvura ichivaima, nemukomana uyu achiuya. Akanzwa, ndokuverenga bhuku ari ikoko, akanyora, muchiNorwegian. Asvika pakunzwisisa; mumwe munhu ataura naye. Ane dambudziko, asi, kana akangotenda chete nemoyo wake wose, Ishe Jesu vachamupodza. Abva kure, mwana

anonzwisa urombo, pakadaro, achiedza kupinda nechisimba. Zvino tichaisa maoko paari, munguva shoma.

168 Munotenda here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ameni! Zvinoshamisa sei! Oh, ini zvangu! "Murapi mukuru ari pedyo zvino!" Hanzvadzi, Hanzvadzi Ungren varipi, neimwe hanzvadzi iya papiano? Ndinoda kuti muuye nekuchimbidza, kana muchadaro, mutipe rwiyo, "Murapi mukuru ari pedyo zvino, Jesu ane tsiye nyoro."

169 Ndinoda kuti vanhu vari pamutsetse *uyu*, vanoda kunamatirwa, ndapota dzikai muuye kudivi iri *pano*, mutsara mumwe chete panguva imwe. Hama Neville, itai izvozvo kana muchadaro. Hama Capps varipi kana mumwe wevaimbisi venziyo? Ko Hama Ungren, kana Hama Capps, kana mumwe munhu, uyai pano, achaimba, atitungamire rwiyo urwu kana achida. Hama . . . Mumwe wehama idzi aripi? Zvakanaka. Zvakanaka, changamire, zvakanaka. Zvakanaka. Munhu wese achinamata!

170 Rangarirai, kuperera! Maona zvinoitwa nekuperera? Kuperera kunokuyambutsa gungwa. Kuperera kunoita kuti ubve kune rimwe dunhu. Kuperera kunokuendesa chero kupi zvako. Baba vanokosha nemwanasikana wavo, nekuperera, vaedza kupinda, ndokupinda, nezvinhu zvese, ndokugara zvakadaro; nguva pfupi yapfuura Mweya Mutsvene wasunungura chinhu chacho pano mumusangano, ndisati ndapinda muno. Oh!

Rwiyo rwunotapirisa rwati rwamboimbwa,
Jesu, wakaropafadzwa Jesu.

Murapi mukuru ari pedyo zvino,
Uyo anonzwira . . .

Ishe Jesu, itai, munzwe munamato wemuranda weNyu, Ishe. Ndinonamata kuti musangane nemumwe-nemumwe weava muvapodze, kuitira Kubwinya kweNyu, muZita raJesu.

. . . inzwi raJesu.

Rusambo rwunotapira murwiyo rweserafimi,
Zita rinotapira parurimi rwemunhu,
Oh, rwiyo runotapira rwati rwamboimbwa.

Regai avo vaperera zvino, vanonyatsoziva kuti vari kuzopodzwa . . . Ingofunga, seruzivo rwandinarwo, munhu wese, kubva usiku hwemusi weSvondo wapfuura, akapora vhiki rino.

Anonzwira . . .

171 Tarisai, Achiuya. Munoona, Akatokupodzai kare. Anounza Shoko raKe, AnoRisimbisa, Anoratidza Huvepo hwaKe. Hapana munhu anogona kuita zvinhu izvozvi kunze kwaMwari. Munozviziva. Chiratidzo chaMhesiya. Zvino munoziva kuti handisi Mhesiya, saka Ndiye. Zvino pano Asimbisa zvinhu zvose kwamuri.

Zvino zvava kutofanira kukupinza mukuperera. Zvinofanira kupfutisa moto munzvimbo ino nekubata . . . Kwete, chingoita sema—ma—ma—machisi kumugomo weunga. Ndizvo chaizvo! Inotofanira kuputitsa kutenda, ne—nerudo nekuperera zvoisa vanhu ivavo muUshe hwaMwari chaiwo, kuti vatende nemoyo wavo wose. Munotenda here zvino, mumwe nemumwe wenyu? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Zvakanaka. Zvino, Billy, iwe tora . . .

172 Tony, nditarise kweminiti. Handisati ndakuona kwenguva refu, asi uri kurwara. Uri kurwara nechinhu chinoita semanyoka. Ndizvozvo. Ari kuzopera. Achakusiya. Ndaona chinhu ichocho chichimutevera, paafamba neumo. Hapana chinhu chinogona kuvanzwa panaMwari iye zvino. Handisati ndamboona . . . Handisati ndamboona Tony kwemwedzi yakati kuti, ndofunga, asi ndaona kuti anawo. Anga ainawo; haasisina zvino.

173 Ngatikotamisei misoro yedu. Hapana kana ziso rimwe chete rinofanira kuvhurwa. Hapana kana ziso rimwe rinotarisa. Munhu wese ngaave achinamata. Zvino Billy Paul kana Hama Neville, mumwe chete, achadana mitsara inotevera kana nguva yacho yasvika. Zvino munhu wese ngaanamate. Tiri kuzoedza zvino; mutsetse wepakati uchauya nekuruboshwe rwenyu kana madaidzwa, saizvozvowo zvichaita mutsetse we—wekuruboshwe neche*kuno* uyai nekuruboshwe rwenyu kana madaidzwa. Hama Neville vachakudanai.

Zvino, handizive kana paine dzimwe hama pano dzingada kumira pano kuisa maoko pavanhu ava pavanenge vachipfuura, pamwe neni? Chero mumwe wenyu hama dzinoshumira, zvirokwazvo munokokwa kuuya kuzomira neni kana muchida kudaro. Hachisi chinhu chekuzvitsaura wega. Mune kodzero yekunamatira vanorwara seni.

Ndinoziva kuti Mweya Mutsvene uri pano. Ani zvake angarega kuzvitenda, pane chakatsveyama paari.

174 Zvakanaka, ngatitendei zvino nemoyo yedu yose, kuti Mwari achaita zvinhu izvi zvatiri kukumbira. Iva nekutenda zvino. Usapokana.

Zvino munhu wese, ngatinamatiranei mumwe kune mumwe. Bhaibheri rakati kudini? "Reururiranai zvivi zvenyu; namatira . . . "

175 Zvino imi vanhu vari kuuya mumutsara, maoko aya paanongokubatai, ibvai mangobuda muchingofara nekurumbidza Mwari nekuti mapora.

Zvakanaka, munhu wose ngaanamate zvino apo Hama Capps vachitungamira nziyo.

Ishe Jesu, zvino tibatsirei. Ndinonamata, kubudikidza nemuZita raJesu Kristu, kuti Mweya Mutsvene uchabata munhu

wose, uye dai vapodzwa patiri kutevedza mirairo yeNyu yekuisa maoko pamusoro pevarwere. Makati, "Vachapora." Tinozvitenda, Baba, neZita raJesu. Ameni.

Zvakanaka, munhu wose achinamata zvino patiri kutanga kunamata. Kutanga, pane kamukomana kari kurwara kari muhwiricheya.

Ndinoisa maoko pamusoro pemwana, nemuZita raJesu Kristu, kuti anatswe.

Hongu, changamire.

NemuZita raJesu Kristu. . . [Hama Branham nevashumiri vanoisa maoko pamusoro pavose vari mumutsara wekunamatirwa, asi minamato hainzwike. Ungano inonamata nekuramba ichiimba *Murapi Mukuru*—Mupepeti.]

Rwiyo runotapira rwati rwamboimbwa,
Jesu, wakaropafadzwa Jesu.

176 Vangani venyu vanotenda kuti Mwari azviita, une chokwadi mumoyo wako, nekugutsikana kwakasimbiswa, kuti Mwari apindura chikumbiro chako nekuti wateerera Shoko raKe? Zvaitwa. Zvapera. Zva—zvatoitwa. Mutende nemoyo wako wose, kuti ibasa rakapera.

177 Zvino tarisai vhiki rino, paunodzoka zvakare, cherechedza zvaitika.

178 Ndinofunga kuti, kusvika panguva inotevera pandinodzoka, Ishe vachitendera, ndichange ndiine mutsara wekunamatira mune imwe yekamuri idzi, mune kamuri diki yandiri kuzovaendesa kwairi, munoona. Ndinotenda kuti zviri kubhedhenuka zvino, munoona, nguva yacho.

179 Ndinoda kusvika pandinogona kuunza vanhu mumwe nemumwe, ndoshanda navo sedungamunhu, kusvikira ndachitsvaga ndochiwana, zvino ndoenda mberi saizvozvo, kusvikira ndanyatsogara navo panguva iyoyo.

180 Mwari vakuropafadzei mose. Ndinofara zvikuru kuti manga muri pano. Mawana here. . . Matsunga moyo zvino here? Muri. . . Maperera here, kuperera kwamanga muinako kuti mupore? Kwose kwapera here, murudo nekutenda nekuvimba kuti Mwari achaita zvaAkavimbisa kuzoita? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Mwari achadaro.

Kubva kuvana vadiki, pane vaviri kana vatatu vavo pano mumahwiricheya, manheru ano, ini. . . Tichavatendera, vana, kuti vachazoporawo, zvakare. Vari kuzopora. Hamuzvitendi here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ameni! "Vachapora." Vanotofanira kudaro. Mwari akataura kudaro. Zvino takaperera, uye tiri kuzozvitenda zvino, kuti zvichaitika.

181 Zvino, shumiro dzedu dzinobatanidzira chimwe chinhu chichiteverwa nechimwe. Zvino tiri kuzoparadzanisa chaunga

kune avo vanoda kuenda. Zvino nemaonero andiri kuita, maminitsi masere asara kuti dzive ten o'clock. Zvino, kana muchifanira kuenda, ti—tinofara kuti manga muri pano, uye tinoda kuti mudzoke muzova nesu. Vamwe vose, mushure mekunge tasimuka, tichagara zvakare; zvino avo vari kuenda, budai chinyararire. Zvino tichazova neshumiro yechirairo mushure mazvo. Makasununguka kusara kana muchikwanisa. Kana musingakwanise, Mwari akuropafadzei. Ndinamatirei. Ndichakunamatirai. Zvino, rangarirai, garai makaisa Chiratidzo, uye munge makaperera pakupinda muUshe hwaMwari nechisimba. Ameni!

Zvino tave kuimba rwiyo rwedu rwekuparadzana, kana tichikwanisa, uye, *Tora Zita RaJesu Newe*, patiri kusimuka.

. . . Zita raJesu newe,
Mwana wedambudzo nenhamo;
Richazokupa mufaro nenyaradzo,
. . . kwese kwaunoenda.

Zita rinokosha, Zita rinokosha! O rinotapira,
O rinotapira!
Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita rinokosha, O rinotapira, rinotapira!
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

Kwazisanai nemaoko, moti, "Ishe akuropafadze, hama yangu, hanzvadzi mufambi." Zvakadzama, zvakaperera, zvakaereswa, zvino shamwari dzeChikristu muhumwe hwekuyanana, kwazisanai maoko, hama nehanzvadzi. Mwari akuropafadzei mose, pamwe chete. Zvakanakisa!

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti Akandida kutanga
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

Kusvika tionane! kusvika tionane!
Kusvika tionane patsoka dzaJesu; kusvika tionane!
Kusvika tionane! Oh, kusvika tionane!
Mwari ave nemi kusvika tionanezve.

Kusvika tionane! kusvika tionane!
Kusvika tionane patsoka dzaJesu; kusvika tionane!
Kusvika tionane! kusvika tionane!
Mwari ave nemi kusvika tionanezve.

[Hama Branham vanotanga kuimba mahon'era *Mwari Ave NeWe*—Mupepeti.]

182 Kutapira uku nekuwadzana kweChiratidzo chikuru chaMwari, Mweya Mutsvene, dai Agara mamuri mose zvakapfuma kusvika tionanezve. Nyasha dzaMwari dziende

nemi, dzipaze nzira dzerufu mberi kwenyu; dzichichenesa nzira yenyu, kuti muone Jesu nguva dzose mberi kwechiso chenyu, zvino hamuzozungunutswe.

183 Baba veKudenga, tinoisa shumiro ino, neshumiro mangwanani ano, shumiro idzodzo nezvaitwa, nembiri yose kwaMuri, tichiKupai kutenda nerumbidzo nokuda kwekuponesa vanhu, uye nekupodza vanhu, nekutipa nyasha dzeNyu idzo isu tose tinotarisa kwadziri. Tiponesei. TinoKutendai nokuda kweizvi. Chivai nesu zvino kusvika tionanezve. Sanganai nesu muchirairo. Ivai pachidhiraivho pane vose vanotyaira, Ishe, kuenda kudzimba dzavo. Vatungamirei muzororo rino rine njodzi, kuitira kuti pasave nekukuvadzwa kana njodzi inovawira. NemuZita raJesu Kristu tinozvikumbira. Ameni.

Zvakanaka, *Tora Zita RaJesu Newe*, zvakare zvino.

Tora . . . Zita raJesu . . . (Makasununguka kuenda zvino, nemuZita) . . . newe,
Senhowo kubva kumuteyo wese;
Kana miyedzo yakukomberedza . . .

Unoita sei zvadaro?

Chingodana Zita iroro mumunamato.

Zita rinokosha, zita rinokosha! O rinotapira, O rinotapira!
Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita rinokosha, zita rinokosha! O rinotapira, rinotapira!
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

PaZita raJesu tinokotama,
Kuwira patsoka dzaKe nezviso,
Mambo wamadzimambo Kudenga tichaMupfekedza korona,
Kana rwendo rwedu rwapera.

Zita rinokosha, O rinotapira!
Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita rinokosha, O rinotapira, rinotapira!
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

184 Zvino musati magara pasi, ungano ichisvika pakunyarara zvino kuitira shumiro yechirairo.

Kana ndisiri kukanganisa, handi Hama Blair here ava, mushumiri wandakasangana naye kuArkansas nguva pfupi yapfuura? Ndafunga kuti ndimi. Ndanga ndisina chokwadi. Maunza mwana wenyu kuno kuti azokumikidzwa kunaShe, wechidiki, mangwanani ano. Ndafunga . . . Handina kusangana nemi here nguva pfupi yapfuura, kuno kuHot Springs, Arkansas? Maiva ne . . . Chimwe chinhu chakanga choda kuitika, Mweya Mutsvene ukachitaura. Ndizvo here? Zvakanaka. Ndango . . .

Zvangoitika kuti ndafunga kareko, ndafunga kuti, "Ndiyo hama iya." Ndinofara kuti muri pano, Hama Blair.

185 Zvino ndiri kuzokumbira Hama Blair kuti vanamate kuti Mwari atichenese zvino kuitira chirairo chiri kuda kuitwa. Mungadaro here, Hama Blair? [Hama Richard Blair vanonamata—Mupepeti.] Hongu. Hongu, Ishe. Zvitenderei, Ishe. Hongu, Ishe. Hongu, Ishe. Hongu, Ishe. Hongu. Hongu. Ameni.

Mungagare henyu pasi, mose.

186 Zvino paogani, hanzvadzi, kana mukangoridza *Pane Chitubu Chizere NeRopa*. Zvino munogona kutanga . . . zviendesei uko, chero zvinodiwa. Zvakanaka, tichaverenga zvino, kana isu . . . tikanyarara kwechinguva.

Hongu, hanzvadzi? [Imwe hanzvadzi inoti, "Maona mucheka wangu here?"—Mupepeti.] Zvakanaka, hanzvadzi, ingotsvagai mucheka wenyu pano kusvika mauwana, zvinenge zvakanaka hazvo, chero zvachiri ipapo. Ndiwoyo here? Zvakanaka, vahanzvadzi.

187 Zvakanaka, zvino Hama Neville vachaverenga hurongwa wechirairo.

Zvadaro maasha achange achiuya, kana paine vaenzi pano, pachigaro chimwe nechimwe, mounza mutsara wega-wega, patinenge tichiuya, mitsara yakatevedzana, kuitira chirairo.

188 Zvino fungai zvakaereswa zvino. Rangarirai, Israeri yakachidya mukuperera, uye murwendo rwose hapana kana mumwe chete aiva nehutera pakati pavo, mumashure memakore makumi mana. Uku kupodza kwaMwari, zvakare.

Mwari akuropafadzei, Hama Neville. [Hama Neville vanoverenga Gwaro rinotevera, Vakorinte Vekutanga 11:23-32—Mupepeti.]

> *Nokuti ini ndakagamuchira kunaShe icho chandakakupaiwo, Kuti Ishe Jesu neusiku hwaakapandukirwa wakatora chingwa:*
>
> *Akati avonga, akachimedura, akati,* Torai, idyai: uyu *ndiwo muviri wangu, unomedurirwa imi: itai izvi muchindirangarira.*
>
> *Saizvozvowo vakati vapedza kuraira, akatora mukombe, akati, Mukombe uyu ndiyo sungano itsva muropa rangu: itai izvi, nguva dzose kana muchinwa, muchindirangarira.*
>
> *Nokuti nguva dzose kana muchidya chingwa ichi, kana kunwa mukombe uyu, munoparidza rufu rwaShe kusvika achiuya.*
>
> *Naizvozvo mumwe nomumwe anodya chingwa ichi, kana kunwa mukombe waShe, nomutowo usina kufanira, uchava nemhosva yomuviri neropa raShe.*

Zvino munhu ngaazviidze, kuti adye chingwa ichi achidaro, nokunwa mukombe uyu.

Nokuti anodya nokunwa asinganatsi, kunzwisisa muviri waShe, anozvidyira nokuzvinwira kutongwa.

Nemhaka iyi vazhinji varipo pakati pedu vasine simba vanorwara, uye *vazhinji vavete.*

Nokuti dai taizviidza pachedu, hatizotongwa.

Zvino kana tichitongwa, tinorangwa naShe, kuti tirege kutongerwa kuraswa pamwe chete nenyika.

[Hama Neville vanoti, "Ishe varopafadze kuverengwa, kweShoko." Hama Branham vanobva vanhonga tireyi yechingwa chakamedurwa—Mupepeti.]

189 Ndakabata chingwa chisina mbiriso, chakaunyana nekumedurwa, chichimiririra mutumbi waJesu Kristu; kubudikidza—kubudikidza nechidzitiro chakabvarurwa tinokwanisa kupinda kunzvimbo Tsvene-tsvene.

190 Baba vedu veKudenga, chingwa ichi chagadzirirwa kumiririra mutumbi uya wakakuvadzwa nekubvarurwa. Dai mumwe nemumwe wedu, patinochigamuchira, ngazviite sekunge taita chiitiko ichi zvemazvirokwazvo. Uye dai tikawana kuregererwa kwezvivi zvedu, nemvumo kunzvimbo Tsvene-tsvene, kuti tigare muHupo hweNyu muhupenyu hwedu huri mberi; nemazuva ose atichararama pano panyika, nekuzova neMi munaZiendanakuenda nekusingaperi. Zvitenderei, Baba. Ropafadzai chingwa ichi kuitira basa racho. NemuZita raJesu. Ameni.

191 [Hama Branham vanonhonga tireyi yetumikombe tudiki twegirazi twakazadzwa nehwaini—Mupepeti.] Bhaibheri rakati, "Mushure mekunge Atora nekumedura chingwa, saizvozvowo Akatora mukombe; mushure mokunge araira, akati, 'Mukombe uyu ndiyo Sungano Itsva iri muRopa raNgu, rakadeurirwa imi.'" Mwari vaise maropafadzo aVo pamusoro peizvi patava kunamata.

192 Ishe Jesu, ndakabata pano ropa remuzambiringa, muto wemuzambiringa. Zvino, Baba, zvinomiririra Ropa rinokosha rinotichenesa, kubva maRiri makabuda Chiratidzo. NdinoKutendai nokuda kwaRo, Baba, uye nemucherechedzo uyu. Makati, "Uyo anodya nekunwa iZvi achawana Hupenyu husingaperi, uye ndichamumutsa zvakare pakuguma kwenguva." TinoKutendai nevimbiso iyi. Zvino, Baba, tinonamata kuti Muchenese moyo yedu, pamwe chete, kuitira kuti tive takakodzera ne. . . kutenda kwedu; tichiziva kuti pachedu hatina kukodzera, asi kutenda kwedu hakuzokundike, kuti tiri kugamuchira zvakakwana Ropa raJesu Kristu. Zviitei, Baba.

193 Zvino chenesai hwaini iyi kuitira basa rayo. Dai ani naani anonwa hwaini iyi manheru ano, nekutora chingwa ichi, awane simba rerwendo rwuri mberi. Zviitei, Ishe. Dai vapiwa utano nekusimbiswa, uye vazadzwa neMweya weNyu, kusvikira Jesu achiuya. Ameni. [Chibenga patepi—Mupepeti.]

194 Ndinotenda kuti Chirairo ndicho chimwe chekunamata kwakayereswa, kunoremekedzwa, kunotapira kuripo mushumiro yechechi. Pane zvinhu zviviri zvatakasiirwa, zvitatu, kuti tiite, ndihwo—ndihwo hurongwa nezvitevedzwa. Vanhu vazhinji vanoedza kuti, "Tine chipikiri chaicho." "Tine chidimbu chemuchinjikwa wacho." Asi pane zvinhu zvitatu zvakasiiwa: Chirairo chaShe, Rubhabhatidzo, Kugezana tsoka, ndizvo zvitevedzwa zvitatu zvakasiirwa chechi.

195 Zvino kwandiri, manheru ano anoita senguva inokosha kwazvo kwandiri. Pandanga ndakamira pano ndichingotarisa; kazhinji ndi—ndinogara ndiri mumunamato. Asi nhasi, kuona mhuri dzakasiyana-siyana, kuona dzimwe mhuri vanga vachiuya pano kubvira ndichiri muparidzi wechikomana, ndakamira pano tichitsika pahuruva, zvino ini . . . vamwe vavo vatsva. Asi kuona varume vachiuya nemadzimai avo madiki nemhuri, uye kuona vachipanana mukana, nekuyereswa kwazvo, nematarisiro avanoita vana vavo; kuona mudzimai mudiki achitambanudza ruoko rwake, wofunga, "Ruoko ruduku urwo rwakageza, nekupukuta misodzi kubva pameso emwana."

196 Ndokubva ndaona mhuri dzichiuya dzandakamboenda kudzimba dzavo pavairwara, nefivheri, vana; Ishe Jesu akapodza vana vavo. Ndakavaona pavakaita dambudziko mumhuri, Ishe vakandibatsira kuti rinatswe; kuvaona vachifara zvakare. Zvino ndinongofunga kuti zvichange zvakadini patichaenda kuMabiko makuru eMuchato. Ndinotenda zvikuru kuti Ishe vakandiita shamwari yenyu nekukubatsirai. Ini . . . ndosaka ndiri pano.

197 Zvino ini, ndangofunga kuti inguva yakadini, makore mangani; aya angaita, ndakatanga kuparidza, zvichida 1930, zvino anenge makore makumi matatu nemaviri kwandiri, zvino, makore makumi matatu nematatu, ndanga ndichiparidza. Zvadaro, kutambudzika kwese nemiyedzo uye, zvinoita sekunge, kunyange zvakadaro, kana—kana tauya pano, zvino—zvinokanganwika zvose. Maona? U—unongoita sekuti pane chimwe chinhu pamusoro peChirairo chinongobvisa kumonana kwese—kwese kubva muzvinhu, kutora Chirairo. Ishe vakuropafadzei.

198 Mutana zvino, achaverenga Gwaro reshumiro yekugezana tsoka.

199 [Hama Neville vanoverenga Johane 13:2-17, vovhara shumiro:

Zvino vakati vorayira, dhiyabhorosi atoisa mumoyo waJudhasi Iskarioti, mwanakomana waSimoni, kuti amupandukire;

Jesu achiziva kuti Baba vakamupa zvinhu zvose mumaoko ake, uye kuti wakabva kunaMwari, uye kuti anoenda kunaMwari;

Akasimuka pakurayira, ndokubvisa nguwo dzake; akatora mucheka, akazvisunga muchiuno.

Zvino akadira mvura mumudziyo, akatanga kushambidza tsoka dzavadzidzi, akadzipukuta nemucheka waakanga akazvisunga nawo.

Akasvika kunaSimoni Petro: Petro akati kwaari, Ishe, imi moshambidza tsoka dzangu kanhi?

Jesu akapindura akati kwaari, Chandinoita hauchizive zvino; asi uchanzwisisa pashure.

Petro akati kwaari, Hamungatongoshambidze tsoka dzangu nekusingaperi. Jesu akamupindura akati, Kana ndisingakushambidzi, hauna mugove neni.

Simoni Petro akati kwaari, Ishe, dzirege kuva tsoka dzangu chete, asi maoko angu nemusorowo.

Jesu akati kwaari, Akashambidzwa muviri wose anofanira chete kuti ashambidzwe tsoka dzake, zvino wakanaka kwazvo: imi makanaka, asi hamusi mose.

Nokuti wakanga achiziva uyo aizomupandukira; saka akati, Hamuna kunaka mose.

Zvino akati ashambidza tsoka dzavo, akatora nguwo dzake, akagarazve, akati kwavari, Munoziva zvandakakuitirai here?

Munonditi Tenzi *naIshe: munoreva zvakanaka; nokuti ndini iye.*

Zvino kana ini, Ishe naTenzi, *ndakashambidza tsoka dzenyu; nemi munofanira kushambidzana tsoka dzenyu.*

Ndakakuratidzai makwara, kuti muite imi sezvandakakuitirai ini.

Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, Muranda haasi mukuru kunaShe wake; uye kana wakatumwa mukuru kune wakamutuma.

Kana muchiziva izvi, makaropafadzwa kana muchizviita.

Dai Ishe varopafadza kuverengwa kweShoko raVo.

Kuna vose vachaita izvi, varume vachageza tsoka mukamuri iyi, necheuko; madzimai achageza tsoka mukamuri iri kuruboshwe, necheuko, muimba diki yerubhabhatidzo. Ndiri

kufara zvikuru kuona vose vari kuda kudaro, nevanogona, kuuya kuzobatana nesu mukugezana tsoka uku.

Tingasimuke tose pamwe chete? Kune avo vanofanira kuenda . . .

Zvakare tinoti tinotenda zvikuru nekukoshesa pamberi paMwari nekuda kwezuva rino rakanaka, rasimudzira moyo wedu, mukuona Hupo hukuru hune simba hwaMwari wedu huchiuya pakati pedu kuzova pano kutikurudzira nekutiropafadza.

Patiri kukotamisa misoro yedu pamwe chete, tichakumbira Hama Earl Martin kana vakatiparadzanisa neavo vanofanira kuenda—Mupepeti.]

KUPERERA SHO63-0901E
(Desperations)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu neSvondo manheru, 1 Gunyana, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2015 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org